ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№47 (24.485) • 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 21, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



# КъызэрыкIэрыху щымыIэу

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек политикэ мыхьэнэ зиIэ зэIущIэ ин дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ республикэ УнафэщIым КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэр, къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр, политикэ партхэм я пашэхэр, журналистхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэр щригъажьэм жиIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIа щIалэхэр, абы къулыкъу щезыхьэкIхэм я адэ-анэхэр, волонтёрхэр зэхуэсым къызэрырагъэблэгъар.

Республикэ УнафэщIым Парламентым Зэрызыхуагъазэм лъабжьэ хуищIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэща Iуэхугъуэхэр, КIуэкIуэм къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм цIыхубэм щыжаIахэр, политикэ партхэм я лIыкIуэхэм къагъэувахэр.

Республикэм и экономикэ, псэукIэ, политикэ щытыкIэм я гугъу ищIын ипэ къиихуэу, дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм фIыщIэ ин зэрахуищIыр, абы я адэ-анэхэм зэракъуэтыр, къэралым иригъэкIуэкI Iуэхум зэрителъхьэр жиIащ КIуэкIуэм.

Зэрызыхуигъазэм къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ ди республикэр Урысей Федерацэм нэхъыфIу щылажьэхэм зэращыщыр, абыхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэнатIэ псоми япэ иту зэрызаужьыр, къызэрыкIэрыху лъэныкъуэ зыри щымыIэу хэгъэгум къалэну зыхуигъэувыжар и чэзум зэригъэзащIэр.

Къэралми хуэдэу, республикэми унагъуэхэмрэ абыхэм щапI сабийхэмрэ ахъшэкIэ зэрызащIигъакъуэр, ди лъахэм щыпсэухэм я хэхъуэр куэдкIэ нэхъыбэ зэрыхъуар, гъуэгухэр зыхуей зэрыхуагъэзэжыр, абы папщIэ зыхуеину ахъшэр къазэрыIэрыхьэр, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр зэрырагъэфIакIуэр, улахуэр Iэмал зэриIэкIэ зэрыхагъахъуэр, щIыпIэ самоуправленэхэм, зэи къэмыхъуауэ, ахъшэшхуэ зэрыхуаутIыпщыр жиIащ Iэтащхьэм.

Туризмэр республикэ экономикэм и Iыхьэ хэха къэзылэжь IэнатIэу зэрыщытым, абы къыпэкIуэ хъерым, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызаужьым, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, спорт, щIалэгъуалэ, щэнхабзэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щалэжьхэм, дяпэкIэ я мурадхэм щхьэхуэу къытеувыIащ КIуэкIуэ Казбек.

*Щхьэхуэу нобэ тыдодзэ КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуагъазэр зэрыщыту (2-4-нэ напэкIуэцIхэм).*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# НэщIикIыж хьидым теухуауэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм НэщIикIыж махуэ лъапIэмкIэ гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу!

КъэщIэрэщIэжыным епха гуфIэгъуэм и нэщэнэщ мы махуэшхуэр, дэтхэнэ зыми и гур фIымрэ нэхумрэ къыхуигъэушу, и псэм и къабзагъым елIэлIэным, цIыхухэм дахэу ядекIуэкIыным, зэныбжьэгъугъэмрэ унагъуэм и лъапIагъымрэ яхъумэным, гущIэгъу яхэлъыным, адрейхэм ядэIэпыкъуным тригъэгушхуэу.

Гу лъытапхъэщ муслъымэн IуэхущIапIэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI псэукIэ хабзэхэр къызэтенэнымкIэ, цIыхугъэм и тегъэщIапIэ быдэхэм, зэхущытыкIэ гуапэм, зэгурыIуэмрэ пщIэ-нэмысымрэ я мыхьэнэр мыкIуэдынымкIэ, мамырыгъэ щыIэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ зэрыхъум, а лъэныкъуэ псоми яхуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуи зэрырагъэкIуэкIым. Ахэращ ди Хэкум лъабжьэу иIэр, ди зэкъуэтыныгъэм къару хуэхъур. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ дин лэжьакIуэхэм псапэ хуэIухуэщIэу яхузэфIэкIхэм, щIэныгъэм зэрызрагъэубгъум папщIи.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, ехъулIэныгъэ яIэну, дэтхэнэ зыри и гугъэфIхэм лъэIэсыну.



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# КъБР-м и Iэтащхьэр хагъэхьэ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ УФ-м и Президентым и деж щылажьэу ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ совет зэхэшэным, абы и президиумым хэтынухэр убзыхуным теухуа унафэм. Дэфтэрыр кълалъхьащ хабзэм теухуа хъыбарыщIэхэмкIэ интернет-порталым.**

СОВЕТЫМ и тхьэмадэщ къэралым и Iэтащхьэр, абы и къуэдзэщ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил. Ар федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ Iыхьэу зэщхьэщыхауэ щытынущ.

Советым и президиумым и тхьэмадэ къулыкъур ирихьэкIынущ Мишустин Михаил, абы и къуэдзэу ягъэуващ УФ-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Кириенкэ Сергей.

Унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Советым хагъэхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ЩIэуэ абы хэтхэм ящыщщ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, абы и Аппаратым и унафэщI Григоренкэ Дмитрий, «Урысейр Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм я хэкущ» АНО-м и директор, РАНХиГС-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Комиссаров Алексей, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий.

Советым и щIыналъэ, муниципальнэ къудамэхэм хагъэхьащ Урысей Федерацэм и щIыналъэщIэхэр.

УФ-м и Президентым нобэ иригъэкIуэкIынущ щIэуэ зэхашэжа, ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ советым и япэ зэIущIэр.

# ЗэIузэпэщыныгъэм и гъуэгукIэ

**КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ Правительствэ комиссэм и президиумымрэ я зэIущIэм. Ар видео Iэмалым тету иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

УХУЭНЫГЪЭМРЭ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Файзуллин Ирэк къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ ухуэныгъэ къудамэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ 2022 гъэм яхузэфIэкIамрэ къапэщылъ зэманым зыхуагъэувыж мурадхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм тригъэкIуэдащ сом мелард 35,6-м нэс, ар блэкIа илъэсым нэхърэ нэхъыбэщ. ПсэупIэу метр зэбгъузэнатIэ 522,6-м нэс ятащ, ар 2021 гъэм нэхърэ процент 1,6-кIэ нэхъыбэщ.

Кхъахэ хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIащ цIыху 446-рэ. ЦIыхубэ зэхэзекIуапIэу 15, пщIантIэ 51-рэ зэрагъэпэщыжащ, фэтэр куэду зэхэт унэ 41-рэ зыхуей хуэзэу зэрахьащ. Школи 2, топ джэгупIэ губгъуэ цIыкIу, амбулаторэу 2, сабий IыгъыпIэу 5, коммунальнэ инфраструктурэм хиубыдэ IуэхущIапIэу 5 яутIыпщащ.

2023 гъэм ящIыну я мурадщ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ 519-рэ. Ущыпсэуж мыхъуну унэхэм къыщIагъэIэпхъукIынущ цIыху 700-м нэс. КIуэ пэтми нэхъ зеубгъу Налшык дащIыхьа унэщIэхэм псы ирашэлIэным епха лэжьыгъэхэм. Нэгъэсауэ зэрахьэнущ фэтэр куэду зэхэт унэ 70, унэ 30-м щIэт лифт 52-рэ щIэкIэ зэрахъуэкIынущ. Къинэмыщlауэ, зэрагъэпэщыжынущ цIыхубэ зыгъэпсэхупIэу 43-рэ, пщIантIи 147-рэ. Нарткъалэ дэт «Нарт» паркыр къагъэщIэрэщIэжынущ.

Ухуэныгъэ Iуэхухэр нэхъыбэу зэпхар лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ зэфIах лэжьыгъэхэрщ. Ар школхэр ухуэн, зехьэн, узыншагъэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэхэр, щэнхабзэмрэ спортымрэ я унэхэр зыхуей хуэгъэзэн хуэдэ лэжьыгъэхэрщ. Абыхэм хеубыдэ гъуэгу зэгъэпэщынымрэ цIыхухэм къагъэщхьэпэ псори зыхуей хуэгъэзэнымри.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ, си лэжьэгъухэ! Си хэкуэгъу лъапIэхэ! Си докладым щIэздзэн ипэ къиихуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт нобэрей ди зэIущIэм зауэ Iуэху хэхам хэтхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр, дзэ къалэныр езыхьэкIхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр ялъэзыгъэIэс волонтёрхэр къызэрырихьэлIар. Абыхэми дзэ къалэныр езыхьэкI адрей псоми фIыщIэшхуэ яхузощI.

Нобэ зэрызыфхуэзгъазэм лъабжьэ хуэхъуащ къэралым и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым къыщигъэлъэгъуахэр, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегие нэхъыщхьэхэр, апхуэдэуи районхэмрэ къалэхэмрэ щезгъэкIуэкIа зэIущIэхэм хэта жылагъуэ, лэжьакIуэ пэрытхэм, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, уполномоченнэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр.

Ди Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм къыщигъэлъэгъуащ украинэ зэныкъуэкъум лъабжьэ хуэхъуамрэ а IуэхумкIэ нобэ щыIэ щытыкIэмрэ. Ар къызэрыкIуэу щыткъым. Къапщтэмэ, ар ди къэралым къэкIуэн дахэ икIи шынагъуэншэ къыщызэгъэпэщынымкIэ пыухыкIауэ лэжьыпхъэхэр яхузэпкърихыу Урысейм и цIыхухэм зэрызахуигъазэщ.

Президентым щIыналъэ къулыкъущIэхэм убзыхуауэ къалэн щхьэхуэхэр яхуигъэуващ. Дэ ди къалэнщ ахэр фIэкIыпIэ имыIэу дгъэзэщIэну. УФ-м и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ Урысейм и цIыхубэм, къэрал унафэщIхэм я Iуэхухэр зэрыдаIыгъым, Хэкур зэхэгъэкIыпIэ щытыкIэ гугъу къыщихута лъэхъэнэм тегушхуэныгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ къызэрагъэлъэгъуам папщIэ. Ди щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэри къэралым, республикэм я тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэр, щIэблэм я къэкIуэнур зыубзыхухэм дащыщщ.

Ди пашэ Путин Владимири зауэ Iуэху хэхам хэту дзэ къалэныр езыхьэкI зауэлIхэри зэакъылэгъуу, зэгурыIуэу зэрыдаIыгъыр къэзыгъэлъагъуэ, Урысейм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдми хуэдэу, ди республикэм щыпсэухэми фIыщIэ яхуэфащэщ, ахэр ирогушхуэ абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэр зэрахэтым.

Ди зауэлIхэр я гъащIэм щымысхьу Хэкум и шынагъуэншагъэр яхъумэ. Дэ тщыгъупщэнукъым ди лIыхъужьхэм я хахуагъэр, лIыгъэр.

(ДакъикъэкIэ щыму щытащ)

Фыкъызогъэгугъэ зи Iыхьлы зыфIэкIуэда унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ, зауэ Iуэху хэхам хэт дэтхэнэ зыри, абы и унагъуэри зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, ди гулъытэ щыдмыгъэщIэнымкIэ тхузэфIэкI тщIэну.

Зауэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ абы хэтхэм мазэ къэс иратыну хуагъэуващ е зэ тыгъуэу хухаха ахъшэу республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 400 хуаутIыпщащ. Сыт и лъэныкъуэкIи ди щIалэхэм дэIэпыкъуэгъу дахуэхъун папщIэ дэ тхузэфIэкIыр дощIэ, адэкIи абы къыпытщэнущ. Щыгъын, техникэ, хьэпшып зэхуэмыдэхэр къэщэхуным трагъэкIуэдэну КъБР-м и Правительствэм и ГъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу сом мелуан 38-рэ хухахащ. Мыбдеж къыщызгъэлъагъуэркъым псапащIэ IуэхукIэ дгъэкIуэда мылъкур.

Нэгъабэ и жэпуэгъуэ мазэ лъандэрэ зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ ди щIалэхэм зэпыу имыIэу гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр яхудогъашэ. Дэ долъагъу республикэм и цIыхухэр, IуэхущIапIэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр абы жыджэру зэрыхэтыр. Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу си хэкуэгъухэм фIыщIэ яхузощI а Iуэхум гупцIанагъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьам папщIэ.

Къытызогъэзэжри жызоIэ: зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуэгъу дахуэхъуныр ди къалэн нэхъыщхьэщ.

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

Абы ипкъ иткIэ, зэман гъунэгъум республикэм къыщызэIутхынущ абы хуэгъэпсауэ иджыблагъэ къызэрагъэпэща «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэ. Абы и лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытынущ зауэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ псэукIэ тэмэм къахузэгъэпэщыным.

Фондыр къызэгъэпэщынымкIэ ди Президентым и жэрдэмыр дэтIыгъкIэрэ, и унафэр дгъэзащIэкIэрэ дэ иужь дихьащ зауэлIхэм (зауэ Iуэху хэхам щаIа статусым емылъытауэ) я бынхэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIыгъыным хуэунэтIа, «ЛIыхъужьхэм я сабийхэр» щIыналъэ проектышхуэ республикэм щыдгъэзэщIэным.

Мыбдежым КъБР-м и Правительствэм селъэIунут мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалэнхэр зэфIэгъэкIынымкIэ лэжьыгъэхэр щIагъэхуэбжьэну.

ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэщ Урысейм и щIыналъэщIэхэр. Нобэ дэ щIэгъэкъуэн дохъу Херсон щIыналъэм хыхьэ Скадовскэ, Каланчакскэ, Голопристанскэ районхэр Урысейм и экономикэм къыхэувэнымкIэ, абы и цIыхухэр ди къэралым щызекIуэ хабзэхэм хэгъэгъуэзэнымкIэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ объектхэр зыдогъэпэщыж. Апхуэдэу республикэм къригъэблэгъащ а щIыпIэхэм къиIэпхъукIахэр. Ахэр зыхуэныкъуэ-зыхущыщIэкIэ къызэдгъэпэщащ. А унэтIыныгъэмкIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм жыджэру къыпытщэнущ.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ!

КъухьэпIэм и политикхэм я мурадащ лъэныкъуэ куэдкIэ ди къэралыр дакъузэу абы и экономикэр къагъэтIэсхъэну. Ауэ абыхэм я гугъэр къехъулIакъым. Урысей экономикэр зэтракъутэн яхузэфIэкIакъым. Зыужьыныгъэхэм хуокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрри.

Урысей Федерацэм и Президентми Правительствэми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ экономикэм и унэтIыныгъэ псори дэIыгъынымкIэ къащта унафэхэм папщIэ.

2022 гъэм валовэ щIыналъэ продуктыр сом мелард 242-рэ хъуащ, процентkIэ къапщтэмэ - 103,8-рэ. Промышленностым къыщIигъэкIыр проценти 102,1-рэ, мэкъумэш продукцэр проценти 110-рэ хъуащ. 2021 гъэм елъытауэ инвестицэ хэхъуэр проценти 4,5-кIэ нэхъыбэщ икIи сом мелард 57,8-рэ и уасэ хъуащ. Ухуэныгъэ IэнатIэр хэхъуэ нэхъыбэ къэзытхэм ящыщщ, абы къыпэкIуащ сом мелард 35,6-рэ, ар 2021 гъэм елъытауэ проценти 6-кIэ нэхъыбэщ.

ЦIыхухэм я хэхъуэр къызыгъэлъагъуэхэм ящыщщ розницэ сатум къыпэкIуэр. 2021 гъэм елъытауэ абы процент 13,8-кIэ хэхъуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ Урысейм щынэхъыфIхэм дащыщщ. ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу цIыхухэм хуащIэми процент 11,7-кIэ хэхъуащ.

Дэ дыхэтщ лъэпкъ проект 12-ми. Псори зэхэту абыхэм къыхуаутIыпщащ сом мелард 14,8-рэ, ар 2021 гъэм къытIэрыхьам нэхърэ сом меларди 6,1-кIэ нэхъыбэщ. Ар трагъэкIуэдэнущ ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну объекти 100-м щIигъум. Псори зэхэту зыужьыныгъэ Iуэхухэм къыхуаутIыпща мылъкур сом мелард 22-м щIегъу. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ бжыпэр зыIыгъхэм ящыщщ республикэр.

ЦIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр щIыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Нэгъабэ лэжьапIэншэу ятхауэ щытащ цIыху мини 7,6-рэ, ар 2021гъэм елъытауэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ. ЛэжьапIэншэу учётым щытхэр процент 1,7-рэ мэхъу.

Ику иту цIыхухэм къахь улахуэм и гугъу пщIымэ, 2022 гъэм ар сом 34 654-рэ хъуащ, 2021 гъэм щыIам процентi 8,4-кIэ щхьэдэхащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ику ит улахуэр щIышылэ мазэм сом 35799-м зэрынэсар. Мазае мазэми абы зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ.

Жылагъуэм яIэ хэхъуэм - мыхьэнэшхуэ зиIэ бжыгъэщ - проценти 5,6-рэ хъуащ. А бжыгъэмкIи Урысей Федерацэм щыпэрытхэм дащыщщ.

Гулъытэ хэха игъуэтащ цIыху щхьэхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнми. Илъэсым кърииубыдэу къэралым къыбгъэдэкI ахъшэу цIыхухэм къаIэрыхьащ псори зэхэту сом мелард 28-рэ. Абы щыщу сом мелард 23-р сабий зиIэ унагъуэхэр дэIыгъыным хуаутIыпщащ.

Егъэлеяуэ бжыгъэшхуэщ ахэр. Республикэм и цIыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ щIын, сабий зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъун и лъэныкъуэкIэ апхуэдэ унафэ лъэщхэр къызэрищтамкIэ фIыщIэ худощI Урысей Федерацэм и Президентым.

Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт бюджетым зэфIэдгъэкIыну къыщыдгъэлъэгъуа социальнэ къалэн псори нэгъэсауэ зэрыдгъэзэщIар.

Аращи, жыпIэ хъунущ 2022 гъэм республикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ псомкIи зыужьыныгъэхэм дызэрыхуэкIуар, щIыналъэм къыпэщылъ къалэнхэр ипэ иту зэригъэзащIэр.

Си лэжьэгъухэ, иджыри зэ гулъытэ хувэзгъэщIыну сыхуейщ унэтIыныгъэ псомкIи - узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, транспорт инфраструктурэмкIэ - япэ иту дызэрыкIуэм, зыужьыныгъэхэр зэрыдиIэм. Шэч хэмылъуи, ар зи фIыщIэр лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ къытIэрыхьэ дэIэпыкъуныгъэхэрщ. Дэ ди фIыгъэу абы хэлъыр и чэзум абыхэм дызэрыхыхьэрщ, нэгъэсауэ ахэр зэрыдгъэзащIэрщ.

Мы илъэсми къэкIуэну гъунэгъуми дэ къытпэщытщ цIыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ зэрытщIыным хуэунэтIа къалэнхэр зэфIэхыныр. Ар япэ игъэщыпхъэ Iуэхущ. Ар иджыблагъэ къыхигъэщащ УФ-м и Президентми.

Ди экономикэр зыужьыныгъэщIэхэм хуэкIуэн папщIэ инвестицэ хэхъуэр нэхъыбэ тщIын хуейщ, жыджэру дыхущIэкъупхъэщ иджырей технологие лъагэхэр зиIэ производствэхэр къызэIухыным, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщыным.

Республикэм и экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ промышленностыр. КъыщIэдгъэкI продукцэм хэгъэхъуэныр, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщыныр куэдкIэ елъытащ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным. Апхуэдэщ, шэч хэмылъу, Тырныауз бгы гъэбатэ комбинатым вольфрам-молибден къыщыщIахыу зэтеублэжыныр. Мы зэманым ирихьэлIэу а Iуэхум хуаутIыпщащ сом меларди 2,7-м нэблагъэ. Лэжьыгъэр зэтеублэнымкIэ унафэ псори къащтащ, проектыр ягъэзэщIэнущ.

ЕтIуанэр промышленность псынщIэм зегъэужьыныгъэрщ, нобэкIэ абы лэжьапIэ цIыху мин 12-м щагъуэтащ. Республикэм и Правительствэр нэхъ жыджэру иужь ихьэн хуейщ а унэтIыныгъэмкIэ предприятэщIэхэр къызэрызэIуихыным, псом япэу щэкI щызэIуащэ IэнатIэ къызэгъэпэщыным.

Абдж щагъэхьэзыру Шэджэм къалэм дэт заводыр къызэIуахыжащ. Абы и лэжьыгъэр зэтеублэжыным сом мелуан 500 текIуэдащ. А проектым и етIуанэ Iыхьэр егъэжьэным делэжьыпхъэщ.

А псом къадэкIуэу Правительствэр нэхъ хэкъузауэ ядэIэпыкъун хуейщ щытыкIэ хьэлъэм ит предприятэхэм инвесторхэр къахуэгъуэтынымкIэ, я продукцэр игъэкIынымкIэ.

Урысейм и Президент Путин Владимир 2022 гъэм къэралым мэкъумэш продукцэр къыщыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм зэфIэкI лъагэхэр зэраIэр къигъэлъэгъуащ. Сэ къызолъытэ, 2021 гъэм яIа хэхъуэр зыгъэбэгъуа, ди республикэм и аграрийхэми хэлъхьэныгъэшхуэ абы хуащIауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пашэныгъэр иIыгъщ илъэс куэдкIэ къэкI къэкIыгъэхэр хэсэнымкIи - абыхэм яубыдащ гектар мин 25-рэ. 2022 гъэм абыхэм къытрахащ продукцэ тонн мин 680-рэ. АбыкIэ къэралым етIуанэ увыпIэр щытIыгъщ.

Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI хъумапIэхэр ухуэнымкIэ проектхэр хъарзынэу ягъэзащIэ. Абыхэм пIалъэ кIыхькIэ продукцэу тонн мин 273,4-рэ щыпхъумэфынущ. Лъэщагъышхуэ зиIэ апхуэдэ объектхэмкIэ республикэм Урысейм ещанэ увыпIэр щиIыгъщ.

Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ щелэжь производствэр яутIыпщащ. ХадэхэкI фIэIугъэхэр гъэхьэзырынымкIэ республикэр къэралым пашэныгъэр щызыIыгъ щIыналъитхум яхэтщ. 2022 гъэм ахэр зралъхьа банкIыу мелуан 354-рэ ягъэхьэзыращ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ я лэжьыгъэм зэфIэкIышхуэхэр къызэрыщагъэлъагъуэм, щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ инхэр зэрыхуащIым папщIэ.

АдэкIэ ди къалэнщ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэр щIэдгъэбыдэу, къыщIэдгъэкI мэкъумэш продукцэм и фIагъым хэдгъэхъуэну. Абы къыхэкIыу лыхэкIыу къэдлэжьри нэхъыбэ тщIын хуейщ, ар тонн мини 130-м нэдгъэсыпхъэщ.

Мы гъэм Шэджэм районым хадэхэкIхэр къыщагъэкI хуабапIэ комплекс лъэщыр къыщызэIутхын хуейщ. Абы цIыху 1200-м щIигъум лэжьыгъэ щагъуэтынущ. А проектым и япэ Iыхьэр дгъэзэщIэн щIэддзэнущ бадзэуэгъуэ мазэм. Инвестицэ мылъкуу абы хэтлъхьащ сом мелард 19.

ПсыщIэгъэлъадэм зегъэужьынми иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыдгъэхьащ. Мы илъэсым псы зыщIагъэхьэ хьэсэхэр гектар мини 7-м нэсынущ.

Дэ къыпытщэнущ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным, мэкъумэш предприятэ инхэмрэ цIыкIухэмрэ дэIыгъынымкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр егъэкIуэкIыным. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ сыт и лъэныкъуэкIи ди Iуэхухэр къызэрыддиIыгъым папщIэ. Мы гъэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным сом меларди 2-рэ мелуан 750-рэ хуаутIыпщынущ.

Жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къуажэхэм я зыужьыныгъэм теухуа программэм. Ар зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъун папщIэ, 2023 гъэм хэгъэгу бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 64-рэ хуаутIыпщынущ. Ахъшэр гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, псы жапIэхэр зэхъуэкIыным, щэнхабзэмрэ спортымрэ епха IуэхущIапIэхэр ухуэным трагъэкIуэдэнущ. Программэр нэсу гъэзэщIэным щIыналъэхэр жыджэру иужь итын хуейщ, сыту жыпIэмэ ар къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм я щыIэныгъэр къызэгъэпэщыным, псэукIэр зэпэщ щIыным хуэунэтIащ.

Иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу зеужь ухуэныгъэм епха IэнатIэми. Сыт хуэдиз гугъуехь щымыIами, дэ нэгъабэ тхузэфIэкIащ метр зэбгъузэнатIэу мин 522,2-рэ хуэдиз хъун псэупIэ духуэн. Жьы хъуа псэупIэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным хуэгъэпса программэм ипкъ иткIэ, дэ цIыху миным щIигъу кхъахэ хъуа унэхэм къыщIэдгъэкIащ.

Ухуэныгъэ IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэм дызэрыт илъэсми кIэрыдмыгъэхуну дыщогугъ. Ар къэгъэнауэ, дэ ди гугъэщ кхъахэ хъуа унэхэм иджыри цIыху 700-м нэс къыщIэдгъэIэпхъукIыну. Апхуэдэу дыкъэмыувыIэу дыкIуэу щытмэ, ди пащхьэ къалэнышхуэхэр къоувэ - 2025 гъэм ирихьэлIэу метр зэбгъузэнатIэу мин 580-рэ хуэдиз псэупIэ ухуэныр.

Дауи, а къалэнхэм дапэлъэщын папщIэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къэлъытэн хуейщ. ЦIыхухэр щыпсэу хъуну унэхэм ящIыгъуу, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэри ухуэн, гъуэгухэмрэ зекIуапIэхэмрэ зэIузэпэщ щIын, инженер IэнатIэхэр зэгъэпэщын хуейщ. Къапщтэмэ, псэупIэхэм я Iэгъуэблагъэхэр зэIузэпэщ щIын икIи егъэфIэкIуэн хуейщ. 2022 гъэм кърииубыдэу пщIантIэ кIуэцI 51-рэ, цIыхухэм зыщагъэпсэхуну икIи я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэ 15 зэIузэпэщ ящIащ. Дызэрыт илъэсым пщIантIэ кIуэцIи 150-рэ, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ зыгъэпсэхупIэ 48-рэ зыхуей хуагъэзэнущ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа программэу къэтщтар пIалъэ кIэщIым тещIыхьащ. ДыкъызыкIэрыху, дызыхунэмыс IэнатIэхэм далъэщIыхьэжын щхьэкIэщ ар апхуэдэу щIэтщIар. Сом мелуан 200 и уасэ лифт къызэрытщэхунум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIэддзащ. Ар зи лэжьэгъуэ пIалъэр 2025 гъэм икI лифтхэми ятеухуащ.

Ухуэныгъэм щыщ IыхьэфIыр къэрал программэхэм ипкъ иткIэ йокIуэкI. Дызэрыт илъэсым къэрал программэхэр гъэзэщIэным сом меларди 10,6-рэ хуаутIыпщынущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абдеж къыщыувыIэнукъым. Дэ дытелэжьэнущ программэхэм япкъ иткIэ ухуэныгъэ IэнатIэм хуаутIыпщ сомыр нэхъыбэ зэрыхъуным, цIыхубэм мыхьэнэ ирату зэдгъэпэщыжыну къагъэлъэгъуа IуэхущIапIэхэр абы зэрыхедгъэубыдэным. Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, сыт хуэдэ лэжьыгъэ емыкIуэкIми, ар фIыуэ икIи зэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Къэрал программэхэр щыщIэныгъэ ямыIэу гъэзэщIа хъуным кIэлъыплъ хабзэубзыху IэнатIэхэм япэ ирагъэщын хуей къалэнщ мыр.

Ухуэныгъэм епхауэ едгъэкIуэкI къэрал политикэр, шэч хэмылъу, епхащ къалэ гъэпсыкIэмрэ архитектурэмрэ егъэфIэкIуэным. Арыххэуи, ухуэныгъэ IэнатIэм щекIуэкIым ди нэIэ тетын хуейщ. IуэхущIапIэщIэ къызэIуаххэр, ухуэныгъэщIэхэр псори къалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ я теплъэр ягъэдахэу щытын хуейщ.

КъБР-м и Правительствэми, щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ щыIэ IуэхущIапIэхэми гулъытэ хэха хуащIыпхъэщ пхъэнкIийм и зэхэдзыным. Производствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кIэрыхубжьэрыхухэмрэ унагъуэхэм къикI пхъэнкIийхэмрэ щхьэхуэу зэхэхын хуейщ. ПхъэнкIий идзыпIэр щIыпIэ пыухыкIахэм фIэкIа, унапIэрэ псэупIэрэ здэщыIэхэм гъунэгъуу щыпщI хъунукъым. ЗэрытхузэфIэкIкIэ ди жылагъуэхэм къабзагъэр тепщэ щытщIыну ди къалэнщ. Дызэрыт илъэсым щIыуэпсыр хъумэным хуэунэтIа пэхуэщIэ ин къыхэтлъхьащ. Ар теухуащ илъэсым кърииубыдэу пхъэнкIийуэ тонн мин 300-м елэжьыфын завод ухуэным. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт: дыкъэзызыухъуреихь дунейр хъумэныр, и къабзагъыр къызэтенэныр къэкIуэну щIэблэм я пащхьэ щыдиIэ зэхуэдэ къалэнщ.

(КIэлъыкIуэр 3-нэ нап.).

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар

*(ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)*

Мы илъэсым щегъэжьауэ коммунальнэ IэнатIэм и лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэ программэшхуэми лэжьэн щIидзэнущ. Ар 2027 гъэ пщIондэ дгъэзэщIэнущ. Программэм къигъэув Iуэхугъуэхэр хуэгъэпсащ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыфI щIыным. 2023 - 2024 гъэхэм къриубыдэу программэм хуаутIыпщынущ сом мелуан 853-рэ. Абы ипкъ иткIэ зэрагъэпэщыжынущ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэ 16 хуэдиз. Абы хеубыдэ километри 140-рэ зи кIыхьагъ псыжапIэр.

Правительствэм и къалэнщ зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм хуаутIыпщ мылъкум и зэгъэкIуэкIыкIэм кIэлъыплъыну, ар игъуэм къапщытэурэ лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIыну.

Урысейпсо пщалъэкIэ къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр газкIэ нэхъыфIу къызэгъэпэща щIыналъэхэм ящыщщ. Дызэрыт илъэсми газыр пщIэншэу унэхэм ешэлIэным теухуа программэр адэкIи зэпымыууэ лэжьэнущ.

Къыхэгъэщын хуейщ ди щIыналъэм гъуэгуухуэ IэнатIэм хуабжьу зэрызыщиужьыр. Дызэрыт илъэсым автомобиль гъуэгуу километри 180-рэ щызэрагъэпэщыжащ, километр 70 зи кIыхьагъ гъуэгум уэздыгъэ пкъохэр щагъэуващ.

Нэгъабэ гъуэгухэр телъхьэным икIи ар щIыпIэ-щIыпIэхэм щызэгъэпэщыжыным сом меларди 5-м нэблагъэ текIуэдащ. Дызэрыт илъэсым а Iуэхум сом меларди 4,5-рэ хуаутIыпщынущ. СызэрегупсысымкIэ, мыбдежи щыдлэжьын мымащIэу щыIэщ икIи къызэднэкIа бжыгъэм къыкIэрыдмыгъэхуу зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIэкъунущ. Иджыри километри 120-рэ зи кIыхьагъ гъуэгу зэдгъэпэщыжыну къытпэщылъщ, километр 80-м я Iуфэхэм уэздыгъэ пкъохэр щагъэувынущ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, япэ идогъэщ еджапIэхэм, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм, псэупIэхэм екIуалIэ гъуэгухэр зэпэщ щIыныр.

Гулъытэ хэха егъуэт щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэми. Ахэр зыхуей хуэгъэзэным сом мелардрэ ныкъуэрэ хуаутIыпщынущ. ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ! Къыхэзгъэщыну сыхуейт, нэхъапэхэм апхуэдиз ахъшэ ди щIыналъэхэм яхуэдутIыпщыфу зэрыщымытар. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм дэ Iэмал къыдет ди щIыналъэхэм щыIэ гъуэгухэм я фIагъыр къэтIэтыну, шынагъуэншэ тщIыну.

Зэрагъэпэщыжа гъуэгухэм ящыщу нэхъ ин дыдэхэм хохьэ Каменномост - Хьэбэз, Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-су Iыхьэхэр. Абы къищынэмыщIауэ, фIыуэ зэрагъэпэщыжащ Вольнэ аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж къуажэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэр. Налшык къалэм пхрыкI гъуэгуибгъури зыхуей хуагъэзэнущ. Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу къуажитIыр зэзыпх гъуэгум щекIуэкI ухуэныгъэхэм дызэрыт илъэсми пащэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм транспорт Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Дубзыхуахэр нэсу къытхузэгъэпэщмэ, цIыхухэр къешэкIынымкIэ щыIэ гугъуехьхэр нэхъ мащIэ хъунущ, гъуэгухэми я фIагъым хэхъуэнущ. Къыхэгъэщын хуейщ къэрал программэхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэр къызэрырашэкI транспортыр къэдгъэщIэрэщIэжынуи дызэригугъэр.

Ди лэжьыгъэм щIыпIэшхуэ щеубыд туризмэм епха IэнатIэм и зыужьыныгъэми. Абы и пщIэм ди щIыналъэ экономикэм щыхэхъуэ зэпытщ, къызэрытщыхъумкIэ, абы ужьых иIэнукъым. 2022 гъэр къапщтэмэ, цIыхухэм туризм Iуэхутхьэбзэу сом мелард 11 хуэдиз и уасэ хуащIащ. Ди щIыналъэм зыплъыхьакIуэ къэкIуахэмрэ зызыгъэпсэхуну щыIахэмрэ я бжыгъэр цIыху мелуанрэ мин щитIым щIигъуащ. Илъэсищ-плIы хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, сыту фIыт мелуан ныкъуэм нэблагъэ ди шIыналъэм къызэрыкIуар жытIэу зыхуэдгъэщIэгъуэжырт. Иджы, нахуэ зэрыхъуащи, ди Iэмалхэр цIыху нэхъыбэми пэлъэщынущ. 2025 гъэм ирихьэлIэу дэ цIыху мелуанитIым нэс ди щIыналъэм къэтшэфынущ.

Дауи, зыплъыхьакIуэхэмрэ зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ я бжыгъэм хэхъуэныр ахэр къыздекIуалIэ щIыпIэм и инфраструктурэм и фIагъым елъытащ, яхуэтщIэ Iуэхутхьэбзэхэм епхащ. Мис мыбдеж Правительствэр жыджэру лэжьэн хуейуэ и пщэ къыдохуэ. Абы къищынэмыщIауэ, КАВКАЗ.РФ-м и гъусэу Iуащхьэмахуэ лъапэ епхауэ едгъэкIуэкIыну зытедухуа Iуэхугъуэхэр зы къэмынэу дгъэзэщIэн хуейщ. Апхуэдэ дыдэу цIыхухэр зыхуэныкъуэ хуэIухуэщIэхэр Шэрэдж щIыналъэми къыщызэгъэпэщыпхъэщ. Налшык къалэр щыхьэр къудейкъым, туристхэр къезышалIэ Iэмалхэр нэхъыбэ щIын хуейщ, и теплъэр егъэфIэкIуэн, и бальнеологие Iэмалхэм хэгъэхъуэн хуейщ. Ди щыхьэрым и пщIэр къэтIэтыныр псоми ди къалэнщ.

«Бжыгъэрылъанэ экономикэ» щIыналъэ пэхуэщIэм къыщыдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр къанэ щымыIэу дгъэзэщIащ. КъызэдаIуэхэр бжыгъэкIэ фызмыгъэхьэулеин щхьэкIэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт Стратегие мыхьэнэ зиIэ жэрдэмхэмкIэ къулыкъущIапIэм зэрыжиIэмкIэ, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм нэсу яхуэщIэным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым УФ-м етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ.

Мы лъэныкъуэмкIэ дяпэкIи щыщIэныгъэншэу дылэжьэн, экономикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ IэнатIэхэр бжыгъэм илъхьэныр къалэнышхуэу диIэн хуейщ. ДяпэкIэ къытпэщылъщ щыхьэрым зэрыпэжыжьэ е зэрыпэгъунэгъу емылъытауэ, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэр Интернет псынщIэ дыдэм пыщIэныр.

Дэ куэдрэ и гугъу дощI IT-парк диIэн зэрыхуейм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, экономикэ щытыкIэм и ягъэкIэ языныкъуэ ди пэхуэщIэхэр дгъэзэщIэну тхузэфIэкIакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, къэралым и мылъкуу щыт IуэхущIапIэ гуэр IT-парк тщIыну иужь дитщ. IT-IэнатIэхэм щылажьэ щIалэгъуалэм ар льготэ зэгурыIуэныгъэкIэ еттурэ дгъэлэжьэну дыщогугъ. ИтIанэми, IT-паркым ехьэлIауэ диIэ гуращэхэр, дунейм и щытыкIэм тIэщIигъэужьых хуэдэу хъуами, IэщIыб дымыщIыпэнуи къысщохъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи щхьэ хуэлэжьэжхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэри къыхэзгъэщыну сыхуейт. Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр - ар щхьэхуэу къыхэзгъэщынут - ди щIыналъэм цIыху мин 60-м щыщIегъу. ИлъэситI къудей ипэкIэ а бжыгъэр мин 13 хъууэ арат. А пIалъэм къриубыдэу хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я хэхъуэр сом мелард 1,7-м нэсащ. 2021 гъэм еплъытмэ, хэхъуэр процент 30-м къехыркъым.

ХьэрычэтыщIэ IэнатIэм зиужьын папщIэ, бизнес жэрдэмыр къыщыхалъхьэ зэманым щIэгъэкъуэн хуэхъун икIи дэIэпыкъун хуейщ.

Апхуэдэу грант дэIэпыкъуныгъэми пыщапхъэт. ХьэрычэтыщIэ Iуэхум хыхьэну гукъыдэж зыщIа щIалэгъуалэм грантым и Iэмалхэр етын, Iэмэпсымэхэр IэщIэлъхьэн хуейщ. Ар нэсу къызэгъэпэща хъун папщIэ, дызэрыт илъэсым сом мелуани 105-рэ хуатIыпщынущ.

Ди программэхэмрэ пэхуэщIэхэмрэ къагъэув къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, инвестицэ жыджэрагъым хэгъэхъуэным дыхущIэкъупхъэщ. Нобэ дэ сом меларди 170-рэ и уасэ инвестицэ пэхуэщIэ 22-рэ диIэщ. Ар мащIэу къызолъытэ, мы унэтIыныгъэм нэхъ зегъэубгъун хуейуи къысщохъу. Ди щIыналъэм инвесторхэр дэзыхьэхын Iэмалхэр нэхъыбэ щыщIын, къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр наIуэу, щызекIуэ Iуэхугъуэхэр нэрылъагъуу щытын хуейщ. Абы къищынэмыщIауэ, къэралым къыт дэIэпыкъуныгъэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыпхъэщ. Си фIэщ мэхъу, хабзэубзыху IэнатIэхэр, Парламентыр, щIыналъэхэр зэдэлажьэмэ, зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэрытхуэгъэзэщIэнур, дызыхуейм ди Iэр зэрытхутегъэхуэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэр куэдкIэ елъытащ и бюджетым и гъэпсыкIэм. КъБР-м и щIыналъэ бюджетыр 2022 гъэм сом мелард 64,8-рэ хъурт. Ауэ бюджет зэхэлъыр къапщтэмэ, а бжыгъэр сом мелард 71,2-м нэсынущ. КъыжыIэн хуейщ къисIуа бжыгъэр иужьрей илъэсиплIым тIукIэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Ар ехъулIэныгъэу зэрыщытым, лэжьыгъэшхуэм къызэрыпэкIуам утепсэлъыхь хъунущ. Ауэ, си лэжьэгъухэ, жысIэну сыхуейт: дэ дыкъэувыIэ хъунукъым, нэхъыбэ зэфIэдгъэкIыну къытпэщылъщ. ЦIыху къэс бюджетым къыхэкIыу лъысир зэрымащIэм къыхэкIыу, абы къихьэ сом бжыгъэр нэхъыбэу щытын хуейщ. ИлъэсиплI ипэкIэ ди Iуэхухэр щIагъуэтэкъым. Урысей Федерацэм хыхьэ хэгъэгухэм я бюджетыр цIыхубэм зэралъэIэсым тепщIыхьмэ, яужь дыдэм итхэм дащыщт. Нобэ хъарзынэу зыкъэтIэтыфащ, ауэ ипэкIэ дыкIуэн, бюджетым къихьэ сомыр тIукIэ зэрыдгъэбэгъуэн Iэмалхэр зэдгъэуIун хуейщ. Мыр псори цIыхум и псэуныгъэр нэхъыфI хъуным хуэунэтIащ.

Къыхэзгъэщынут 2023 гъэм КъБР-м и бюджетыр сом мелард 58-рэ хъууэ къызэрытщтар. Бжыгъэм, дауи, зихъуэжынущ, мы Iуэхум етщIылIэн хуей лэжьыгъэхэри мымащIэу щыIэщ. Правительствэми лъэкI къигъанэ хъунукъым, щIыналъэм щыIэ хэхъуэр зэщIэгъэуIуэным хуэгъэзауэ. Дэ дыкъэзыIэтыр къэрал программэхэмрэ пэхуэщIэхэмрэ къыхэкI хэхъуэм и закъуэкъым. Ди хэхъуэр щIыналъэм и IэмалхэмкIэ зэдгъэпэщащ, иужьрей илъэсиплIым ар тIукIи нэхъыбэ тщIыфащ. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, ди хэхъуэр сом меларди 9 хъурт. 2022 гъэм диIа хэхъуэм уеплъмэ, а бжыгъэр сом мелард 16,2-м нос. ЖысIам къикIыр аращи, долажьэ, ди лэжьыгъэр зэпыдгъэуркъым, нэхъыфI зэрытщIыным дыхущIокъу, хыдогъахъуэ. Дызэрыт илъэсми ди гуащIэ деблэж хъунукъым, бюджетым илъ сомыр нэгъуэщIу щытын хуейщ, ауэ, шэч зыхэмылъращи, нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэу! Мыр Правительствэм и къалэнщ.

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ!

Экономикэмрэ бюджетымрэ ехьэлIа ди политикэр кIуэ пэтми цIыхухэм я улахуэмрэ хэхъуэмрэ нэхъ ин зэрыхъуным хуэунэтIауэ щытын хуейщ. Правительствэр Iэмал имыIэу фIыуэ дэлэжьэн хуейщ лэжьапIэ IэнатIэ къызэзыгъэпэщхэм, абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн IуэхукIэ. Iэмал имыIэу ахъшэ нэхъыбэ къызыпэкIуэ, фIагъ лъагэ зиIэ IэмэпсымэщIэхэр къыщагъэсэбэп IэнатIэхэмкIэ узыщыгугъ хъуну проектхэм жыджэру защIэгъэкъуэн хуейщ.

Къэралым зэпымыууэ зыщеубгъу унагъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса программэшхуэхэм. Унагъуэр – ди хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэщ. ДяпэкIи сыт и лъэныкъуэкIи защIэдгъэкъуэнущ сабий зэрыс унагъуэхэм. Ар ди мурад къудейкъым, атIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхубэм я пащхьэ щытхь къалэнщ, къытщIэхъуэну щIэблэм я деж щытхь жэуаплыныгъэщ.

Ди цIыхухэм я псэукIэм и фIагъыр зэлъытар инфраструктурэм и щытыкIэрщ. А псалъэухам мыхьэнэ щхьэхуэ егъуэт медицинэм ущытепсэлъыхькIэ. Си лэжьэгъухэ! Иужьрей зэманым республикэм лэжьыгъэ куэд щызэфIокI а унэтIыныгъэм зиужьын, мылъкурэ техникэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ зыхуей хуэзэн папщIэ. ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт IуэхущIапIэхэр зэрагъэпэщыжащ, сабий клиникэ сымаджэщыр зэрахьащ, щIэуэ поликлиникэ зыбжанэм лэжьэн щIадзащ, абыхэм сабийхэм еIэзэхэри яхэту.

Дэ дяпэкIи пытщэнущ абыхэм я лэжьыгъэр зэманым декIуу зэтедухуэн Iуэхум. Лышхым щеIэзэ сымаджэщ центрым и ухуэныгъэр йокIуэкI, къалэм и кум цIыху мин 80 зэкIуэлIэфыну поликлиникэшхуэ щыдоухуэ. Куба къуажэм, Эльбрус жылагъуэм дэт IуэхущIапIэхэр зэдгъэпэщыжынущ, щIэуи духуэнущ. Къытпэщылъ зэманым апхуэдэ IуэхущIапIэу 11 хуэдиз тщIыну ди мурадщ.

Узыншагъэ Iуэхум теухуауэ иужьрей илъэсхэм тхузэфIэкIахэм я гугъу сщIыну сыхуейт. Абыхэм я нэхъыщхьэщ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу дохутырхэм хэхауэ зи нэIэ ятет сымаджэхэм яхуэдутIыпщ мылъкур нэхъыбэ зэрыхъуар. Ар мы илъэсым сом мелуан 842-м нос, абы адэкIи хэдгъэхъуэну ди мурадщ. ИпэжыпIэкIэ къытпэщылъ илъэс зытIум сымаджэхэм зэрызащIэдгъакъуэ щIыкIэр процентi 100-м тхунэгъэсыну дыщогугъ, ауэ щыхъукIэ иджыри куэд щIакъым а бжыгъэр проценти 8 - 20-м тхуфIэмыгъэкIыу зэрыщытрэ. Абыи Iэмал зыхуэдмыгъуэт щхьэусыгъуэ иIащ, иджы щытыкIэм зихъуэжащ.

Президентым и унафэкIэ медицинэ лэжьакIуэхэм мылъку хъарзынэ къыхуаутIыпщ. Ар зылъысыпхъэхэм хиубыдэу республикэм цIыху 6200-рэ исщ. КъищынэмыщIауэ, а гупым химыубыдахэм папщIи унафэ щхьэхуэ къэтщтащ. Ахэр дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и шофёрхэрщ, лышхым щеIэзэ диспансерхэм щылажьэ дохутырхэрщ, япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм щагъуэм IуэхущIапIэхэм щылажьэхэрщ. А мурадхэм яхуэгъэзауэ федеральнэ бюджетым къыдит сом мелуан 670-м республикэм и бюджетым щыщу сом мелуан 90 щIыдгъунурэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ къудамэм щылажьэ цIыху мини 8 апхуэдэ щIыкIэкIэ къытхузэщIэубыдэнущ. Ар щIэгъэкъуэнышхуэщ. АдэкIи ди дохутырхэм апхуэдэу защIэдгъэкъуэну ди мурадщ.

Узыншагъэр хъума хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ спорт инфраструктурэм зегъэужьыным. 2022 гъэм спорт IуэхущIапIэу 4-м лэжьэн щIадзащ, школхэм къедза спортзалхэу 12 зэдгъэпэщыжащ. Пятиборье бэнэкIэ лIэужьыгъуэм хуэгъэпса спортзал доухуэ, мылым къыщыбжыхь хъуну уардэунэ зэрызэдгъэпэщынми иужь дитщ. Мы гъэм Щхьэлыкъуэрэ Эльбрус жылагъуэмрэ а Iуэхур щызэфIэкIыну къыщIэкIынщ, ауэ ар мащIэщ.

Къуажэ щхьэхуэхэр спорт хуэIухуэщIэкIэ къызэзыгъэпэщ къэрал программэхэм тхухегъэубыдакъым: Чыщбалъкъ, Хьэбэз, Хьэтуей хуэдэхэр. ЛъэIу куэд дэнэкIи щызэхызох, Правительствэми къалэн щысщIащ къуажэ пхыдзахэм спорткомплексхэр щаухуэну. Ар икIэщIыпIэкIэ гъэзэщIапхъэхэм ящыщщ.

КъищынэмыщIауэ, 2023 гъэм унафэ къэтщтащ лIэужьыгъуэ щхьэхуэм хиубыдэ спортсменхэми ахэр зыгъасэ тренерхэми зэхьэзэхуэ инхэм текIуэныгъэ щызыIэрагъэхьэху, ятт ахъшэ саугъэтыр тIукIэ дгъэбэгъуэну. Зыхэта зэхьэзэхуэмрэ абы къыщихьа увыпIэмрэ елъытауэ, а мылъкур сом мин 40-м къыщыщIэдзауэ сом мелуани 2-м нэсынущ. ДяпэкIи ди мурадщ спортсменхэмрэ тренерхэмрэ дгъэгушхуэну, я улахуэхэми хэдгъэхъуэну.

Гулъытэ щхьэхуэ, шэч хэмылъу, егъэджэныгъэм хуэтщIыну хуэфащэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, къэрал унафэхэми, щIыналъэм къыщытщтахэми я фIыгъэкIэ, егъэджэныгъэм и инфраструктурэр егъэфIэкIуэн Iуэхур щIэгъэхуэбжьауэ зэрекIуэкIыр. ШколыщIэхэр зэрыдухуэри абы щыщщ. Псалъэм папщIэ, нобэрей IуэхукIэ курыт школи 7 доухуэ, 2023 гъэм и кIэм нэдгъэсыну ди мураду.

2023 - 2024 илъэсхэм, 2024 гъэм лэжьэн щIадзэн хуэдэу, иджыри 9-м яужь дитщ. Псори зэхэту абыхэм къызэщIаубыдэнущ еджакIуэ 10000. Школхэр зыхуей хуагъазэу зэрахьэ. 2023 гъэр къапщтэмэ, программэм ипкъ иткIэ школ 30 зэрахьэнущ. 2026 гъэр къэмыс щIыкIэ, школи 176-рэ зэдгъэпэщыжыну ди мурадщ.

Лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI «Бжыгъэр зи тегъэщIапIэ щIэныгъэ» программэм ипкъ иткIэ. Школхэм Iэмэпсымэ щхьэхуэхэр щIагъэувэ, мылъкурэ техникэ и лъэныкъуэкIэ ирагъэфIакIуэ. Школ 37-м нобэ «ЗыужьыпIэ» центрхэр къыщызэIуахащ. А лъэныкъуэмкIэ лэжьыгъэр йокIуэкI, дыкъэувыIэнуи ди мурадкъым. Щхьэхуэу сытепсэлъыхьыну сыхуейт ди егъэджакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм. А лъэныкъуэмкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр зэфIэдгъэкIащ. 2022 гъэм ику иту сом мини 6,5-кIэ хэдгъэхъуащ улахуэхэр. АдэкIи а Iуэхум делэжьынурэ Урысейм щызекIуэ егъэджакIуэ улахуэхэм дызэрылъэщIыхьэным иужь дитынущ.

Дызэрыт илъэсыр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсщ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ я пщэдейрей махуэм и хьэтыркIэ, жэуаплыныгъэ зыпылъ, мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэ гугъум пэрыт ди егъэджакIуэхэм зэрытхузэфIэкIкIэ защIэдгъэкъуэн хуейщ.

Си лэжьэгъухэ! Илъэс къэс ди къэралми республикэми щIалэгъуалэм зэрызаузэщIын Iэмалыщ Iэхэр къыщыкъуокI. Ди къэралым щIалэгъуалэм теухуауэ нобэ щекIуэкI политикэм и фIыгъэкIэ, ныбжьыщIэхэми щIалэгъуалэми IэмалыщIэхэр, унэтIыныгъэщIэхэр къыхахыф. 2023 гъэм хухэхауэ, щIалэгъуалэ политикэм ди республикэм тригъэкIуэдэну и мурадщ щхьэхуэу зэригъэпэща сом мелуани 146-м нэс.

А мылъкум и ныкъуэр фонд нэхъыщхьэхэм яхуэдутIыпщынущ. Адрей Iыхьэр – щIалэгъуалэ Iуэхум ехьэлIа проектхэм. Творческэ щIалэгъуалэм папщIэ уардэунэ яухуэ, Профсоюзхэм я уардэунэр щIалэгъуалэ политикэм къыщыщхьэпэн хуэдэу зэрагъэпэщынущ, щIыналъэ щхьэхуэхэми ар яхудимурадщ. Программэ щхьэхуэхэр щыIэщ сабийхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ лагерхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, зэрагъэпэщыжыным, яухуэным хуэгъэпсауэ. Япэм щыIа пионер лагерхэм ещхьу. Дэри абыхэм дыхыхьэну ди мурадщ.

*(КIэухыр 4-нэ нап.).*

*(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 2, 3-нэ нап.).*

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар



Гулъытэ щхьэхуэ хуэтщlынущ, дауи, «Япэ итхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо зэщlэхъееныгъэм и къудамэу ди щlыналъэм къыщызэдгъэпэщам. Ар япэ идгъэщхэм ящыщщ, щlалэгъуалэм защlэдгъэкъуэн папщlэ тлъэкl къэдгъэнэнукъым. Си лэжьэгъухэ! Дэ къыддекlуэкl хабзэхэр, нэмысыр, фlэщхъуныгъэр, лъэпкъ хьэлхэр хъума хъун папщlэ, дауи, мыхьэнэшхуэ иlэщ щэнхабзэм. Мыбдежми лъэпкъ проектхэм я фlыгъэкlэ куэд щытхузэфlэкlащ ар мылъкурэ техникэ и лъэныкъуэкlэ едгъэфlэкlуэн, инфраструктурэм зедгъэужьын папщlэ. Къезбжэкlынкъым зыхуей хуагъэзэжа уардэунэхэр. Етlанэгъэ Уэзрэдж къуажэм щэнхабзэ центрышхуэ щаухуэну я мурадщ, Прохладнэ къалэм гъуазджэмкlэ сабий школ щащlынущ, Аушыджэр, Псыхъурей, Эльбрус жылагъуэм уардэунэхэр дащlыхьынущ. Къинэмыщlауэ, иджыри зыхуей хуагъэзэнурэ зэрагъэпэщыжынущ щэнхабзэм и унэ 13.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт республикэ бюджетым къыдит lэмалымкlэ тхузэфlэкlхэр. Дэ хэдгъэхъуащ щэнхабзэм и лэжьакlуэ щэджащэхэмрэ лэжьэн щlэзыдзагъащlэхэмрэ яхуэдгъэува стипендиехэм. Грантищ щlэуэ зэдгъэпэщащ, ахэр хуэунэтlауэ щытынущ хореографием, къэфакlуэ-уэрэджыlакlуэ гупхэм, зыр – симфоние оркестрым. А лъэныкъуэми лэжьыгъэм къыщыпытщэнущ щэнхабзэм и лэжьакlуэхэр мылъкурэ техникэ и лъэныкъуэкlэ зыхуей хуэзэн, щэнхабзэм зыщlэдгъэкъуэн папщlэ.

Ныбжьэгъу лъапlэхэ!

Лъэпкъ-дин зэхущытыкlэхэр иджыпсту ди тlасхъапlэ нэхъыщхьэу жыпlэ хъунущ. Фэ зэрыфщlэщи, хамэ къарухэм ди лъэпкъхэм я зэгурыlуэныгъэмрэ дин зэкъуэтыныгъэмрэ нэщанэ уапlэ ящlауэ, и быдагъыр ягъэунэху. Псоми ди зэхуэдэ къалэнщ апхуэдэ мыхъумыщlагъэхэр къэдмыгъэхъуну. Жылагъуэр зэгурыlуэрэ-зэдэlуэжу, щlэблэм псэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъу къэгъэхъунымкlэ къалэнышхуэ ягъэзащlэ динхэмкlэ lуэхущlапlэхэм, абыхэм хуабжьу дахуэарэзыщ икlи сыт щыгъуи дэlэпыкъуэгъу дыхъунущ.

Лъэпкъ, дин зэпlэзэрытыныгъэр, жылагъуэ зэгурыlуэныгъэр, лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм къахэкlа цlыхухэм я зэхуаку дэлъ пщlэр, анэдэлъхубзэхэр, щэнхабзэхэр уасэ зимыlэ хъугъуэфlыгъуэщ, зыри тедмыгъэгушхуэу тхъумэн, зедгъэужьын хуейуэ.

Пэжщ, нобэ къыдаутlыпщ къару фlейхэм япэщlэтынымкlэ къалэн ин ягъэзащlэ хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм. Иджыри зэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ а lэнатlэм щылажьэхэм пщlэ зэрахуэсщlыр. Абыхэм хъыбарыр и чэзум, пэжу цlыхухэм зэрылэрагъэхьэным иужь итщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, димыныбжьэгъухэм къагъэсэбэп технологиехэм махуэ къэс зауж зэпытщи, дэри ди къарум хэдгъэхъуэн хуейщ. Сыт и лъэныкъуэкlи дывдэlэпыкъунущ фи лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу вгъэзэщlэн папщlэ, фызыпэрыт lэнатlэм и мылъку техникэ лъабжьэр дгъэбыдэнущ. Фэ фи lэзагъым, фиlэ пщlэм сэ шэч къытесхьэркъым.

Ныбжьэгъухэ, дызэрыт зэманым иджырей технологиехэр къагъэсэбэпурэ жылагъуэ-политикэ щытыкlэр зэрызэlащlэм дызэрыпэщlэтын lэмалхэр къэдгупсысын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэхъумэ lэнатlэм къызэритымкlэ, щытыкlэр я нэlэ щlэтщ, ауэ ди lэр зэтедзауэ дытlысыж хъунукъым. Гулъытэ нэхъыбэ хуэщlын хуейщ ди lуэхущlапlэхэр, ухуэныгъэхэр хъумэным, террорист щlэпхъаджащlэхэм япэщlэтыным. Мы lуэхум япэ уищрэ уелэжьмэ, нэхъыфlщ сыт щыгъуи. Абы ипкъ иткlэ, Правительствэмрэ КъБР-м и хабзэхъумэ lэнатlэхэмрэ зэгъусэу мы унэтlыныгъэм елэжьын хуейщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыри къэс дыкъэзыгъэгузэвахэм Украинэм щыщ радикалхэр къахыхьащ. Си фlэщ мэхъу хабзэхъумэ lэнатlэхэмрэ шынагъуэншагъэмкlэ къулыкъущlапlэхэмрэ я гъусэу дызыпэщlэхуэ гугъуехьхэр зэрыдгъэзэкlуэжыфынур, Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэрэ зэlузэпэщыныгъэрэ къызэрыщызэдгъэпэщыфынур.

Ныбжьэгъу лъапlэхэ! Зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр къыдэхъулlэн папщlэ, Правительствэмрэ гъэзэщlакlуэ властымрэ я лэжьыгъэр нэхъри щlагъэхуэбжьэн хуейщ. Экономикэм дызыщрихьэлlэ гугъуехьхэр хэкlыпlэщlэу къэтлъытэкlэрэ нэхъри зедгъэужьыпхъэщ. Ар дэ тхузэфlэкlынущ.

Республикэм зэпlэзэрыту зиужьын, ди мурадхэр къыдэхъулlэн папщlэ, хабзэубзыху лъабжьэ быдэ дилэныр lэмалыншэщ. Къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 30 ирикъу республикэ Парламентым блэкlа илъэсхэм къриубыдэу хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ щlыналъэ зыужьыныгъэм. Сэ дяпэкlи сыщогугъ фи лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу евгъэкlуэкlыну.

Ныбжьэгъу лъапlэхэ!

Махуэ къэс зэфlэтх лэжьыгъэхэм, цlыхухэм я псэукlэр егъэфlэкlуэным ехьэлlауэ щlыпlэ самоуправленэхэм къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ. Мы lэнатlэр адэкlи егъэфlэкlуэн хуейщ. Сызэреплъымкlэ, зэман гъунэгъум ди нэгу щlэкlынщ зи гугъу сщlы lэнатlэм къаруущlэ иlэ зэрыхъунур, и lулыджыр зэрыдэкlуеинур. Ар Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыпсэухэм я дежкlэ сэбэпщ.

Си лэжьэгъухэ, дэ сыт щыгъуи жыджэру дадэлэжьэнущ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ политикэ къарухэмрэ. Гулъытэ нэхъыбэ хуэтщlынущ волонтёрхэм, зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщlыным емыпха lуэхущlапlэхэм.

Си лэжьэгъу лъапlэхэ, си хэкуэгъухэ!

Ди къэралым и тхыдэ къулейм, къилэжьа щlыхьым, къихьа текlуэныгъэхэм я лъабжьэу щытар хэкупсагъэмрэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэщ. Мы лъэхъэнэм зэман гугъу дыпхокl, гугъуехьхэри къызыдонэкlыф. Зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыlыгъыныгъэмрэ нэхъри дгъэбыдэмэ, гъащlэм сыт хуэдэ гугъуехь къытпимыгъэплъами, дыпэлъэщынущ, ди Хэкум, Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэжьын папщlэ ди пащхьэ къит къалэнхэр тхузэфlэхынущ.

Нэхъыщхьэ дыдэу щlызгъужыну сызыхуейр псори дызыпэплъэращ – Текlуэныгъэр икlэщlыпlэкlэ къэтхьыну! Ар дэ ди lэрылъхьэщ, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, дэ захуагъэм дытетщ. Дыщlохъуэпс ди щlалэхэм узыншэу икlэщlыпlэкlэ я жьэгу пащхьэ къагъэзэжыну.

Фыпсэу!

## Гулъытэншэу зыри къигъэнакъым

**КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар купщlафlэу икlи къалэн куэд къызэщlиубыдэу щытащ. lуэхугъуэ нэхъыщхьэу абы къыщыгъэлъэгъуар щlыналъэм и цlыхухэм зэlузэпэщ псэукlэ къахузэгъэпэщынырщ. Ар зэлъытыжар республикэм и экономикэм и щытыкlэращи, ар егъэфlэкlуэнымкlэ щыlэ унэтlыныгъэ псоми зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ.**

ЩIЫНАЛЪЭМ и зыужьыныгъэм, абы и ефlэкlуэныгъэм теухуауэ гулъытэншэу зы lуэхугъуи къигъэнакъым республикэ унафэщlым. Дэтхэнэ lэнатlэми щызэфlагъэкlыпхъэхэр убзыхуауэ къигъэлъэгъуащ, япэ ирагъэщыпхъэхэм ятеухуауэ пщэрылъ щхьэхуэхэр ищlащ.

Сэ медицинэм и лэжьакlуэу сызэрыщытым къыхэкlыу, гулъытэ нэхъ хуэсщlащ а унэтlыныгъэм хуэгъэзауэ жиlахэм. КъБР-м и lэтащхьэм къыхигъэщащ узыншагъэр хъумэнымкlэ lэнатlэм зегъэужьыныр, абы и лъабжьэр гъэбыдэныр къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Цlыхухэм хуащlэ медицинэ lуэхутхьэбзэхэм я фlагъым хэгъэхъуэн, узыншагъэр хъумэнымкlэ lуэхущlапlэхэм я щытыкlэр егъэфlэкlуэжын, ахэр зыхуэныкъуэ lэмэпсымэхэмкlэ узэдын, lэщlагъэлlхэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщын я лъэныкъуэкlэ щlыналъэм лэжьыгъэшхуэ щызэфlагъэкl. Кlуэкlуэ Казбек къигъэлъэгъуащ адэкlэ а lуэхухэм къызэрыпащэнур, lэнатlэр иджырей lэмалхэр и лъабжьэу къызэгъэпэщыным хуащl гулъытэм зэрыхагъэхъуэнур, абыхэм хуэунэтlа проект зэмылlэужьыгъуэхэр зэрыщыlэр.

Гъащlэ узыншэ езыхьэкl цlыхухэрщ жылагъуэ лъэщым лъабжьэ хуэхъунур. Абы и лъэныкъуэкlэ республикэм и lэтащхьэм къигъэлъэгъуа lуэхухэр гъэзэщlэныр зыужьыныгъэм дыхуэзышэ лъэбакъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

**КЪАМБИЙ Лианэ,**
*«LiLi» стоматологие клиникэм и унафэщl.*

## Псоми дэтlыгъынущ

**Адрей илъэсхэми хуэдэу, КъБР-м и lэтащхьэр тепсэлъыхьащ социальнэ lэнатlэм, промышленностым, щlэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, зыгъэпсэхупlэхэм зегъэужьыным, транспортым, гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным, экологием, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм, нэгъуэщlхэми.**

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР зэрыщыту къатщтэмэ, хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиlэу къызолъытэ, жэуаплыныгъэ куэд зыпылъ пщэрылъхэр, мы гъэми къыкlэлъыlуэ илъэсхэми гъэзэщlэн хуейхэр, къыщиlэтащи.

lэтащхьэм игъэбелджыла къалэнхэм кlыхьу захуэдгъэхьэзыру дыщысыну зэман диlэкъым, абыхэм занщlэу иужь ихьауэ Урысейм и щlыналъэ зызыужьхэм далъэщlыхьэн хуейщ. А къалэнхэр зи пщэ къыдэхуэхэр зэрыпэлъэщынур си фlэщ мэхъу. Нэгъуэщlуи хъунукъым, зыдужьыну дыхуеймэ.

Аращи, Кlуэкlуэ Казбек lупщlу зи гугъу ищlа lуэхухэмрэ къалэнхэмрэ гъэзэщlэнымкlэ дэ, цlыху къызэрыгуэкlхэри, дыкъуэувэнущ.

**ЩЕРБАКОВ Иван,**
*лэжьыгъэм и ветеран.*

## ГугъапIэхэр дегъэщI

**Псоми гу лъатэ егъэджэныгъэ lэнатlэм иужьрей илъэсхэм зэхъуэкlыныгъэхэр зэрыщекlуэкlыр. Дауи, егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ Урысейм къыщыхалъхьэ къэралпсо программэхэмрэ пэхуэщlэхэмрэщ а lэмалыр къэзытыр. Ауэ хэгъэгу унафэщlхэм абы гъуэгу ирамытмэ, зыхуей хуэзэу къызэрамыгъэпэщмэ, псори псыхэкlуадэ хъуну арaщ.**

САБИЙМ и щlэныгъэмрэ и зэхэщlыкlымрэ зезыгъэубгъу сыт хуэдэ гукъэкlми пщlэ хуэфащэщ, гъуэгу етыпхъэщ. КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек республикэм и Парламентым зэрызыхуигъэза псалъэм гупсэхуу сыщlэдэlуащи, щlыналъэм и егъэджэныгъэ lэнатlэм щекlуэкl лэжьыгъэр зэрызэпымыунур, уеблэмэ нэхъ щlэгъэхуэбжьа зэрыхъунур си фlэщ ищlащ. Псалъэкlэ мыхъуу, lуэхукlэ ди нэгу щlокl Кlуэкlуэм зи гугъу ищlа «Зыужьыпlэхэр» еджапlэхэр къызэрыщызэlуахыр, иджырей техникэ зэмылlэужьыгъуэхэмрэ технологиехэмкlэ егъэджэныгъэ программэр зэрагъэпсыр, щхьэж и зэфlэкl елъытауэ ныбжьыщlэ хасэхэр зэрызэхашэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек урысейпсо олимпиадэхэм къыхэжаныкlахэм, щlыналъэ олимпиадэхэм, анэдэлъхубзэхэмкlэ екlуэкl хэгъэгу зэхьэзэхуэхэм щытекlуа еджакlуэхэм КъБР-м и lэтащхьэм саугъэтхэр зэрыхуагъэфэщэну щlыкlэм теухуа унафэ къызэрищтэрэ куэд щlакъым. Гулъытэншэ ищlакъым апхуэдэ сабийхэр зыгъэхьэзыр егъэджакlуэхэри. Зэфlэкl лъагэ зиlэ сабийхэр утыкушхуэм ихьэрэ и цlэр къраlуэу къыщыхэжаныкlым деж зи пщlэ иlэтыр абы и закъуэкъым, атlэ ар щеджэ еджапlэри, lэмалхэр къызэзыгъэпэщ щlыналъэри еlэт. Нобэ сабийм хэплъхьэращ пщэдей бгъуэтыжынур, абы и лъэныкъуэкlэ уеплъмэ, Кlуэкlуэ Казбек КъБР-м и Парламентым къыщипсэлъам пщlэ хузощl, сызыпэрыт lэнатlэр зэрыдэмыхуэхынумкlэ фlэщхъуныгъэ къызет. Сэ къыслъысу си гуащlэ себлэжынукъым, а гуащlэр зыхэспщэн хуей lэнатlэр къэралым нэсу къысхузэригъэпэщмэ.

**СОТТАЕВЭ Зухра,**
*Жанхъуэтекъуэ къуажэм дэт, Малкаров Хьэмзэт и цlэр зезыхьэ курыт еджапlэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ.*

# Зыхэлъ холъэт

**ЛIы чэф е тутын ефэ щIалэ слъагъуху къызогубзыгъыж, чыш сытесу къыщызжыхь ныбжьым сыщитам нэхъыжьхэм жаIэу зэхэсхыгъар: «Уей, уи фIэщ хъумэ, мопхуэдэ лIыр чэфу слъэгъуамэ!» - зым жиIэмэ, адрейм «Iэу, ар дауэ, зиунагъуэрэ, емыкIукъэ?» - къыпидзыжу зэрыщытар.**



МОПХУЭДЭМ я къуэр тутын йофэ, жаIамэ, «Е-уей, зэрынэмысыншэ ар, сыту насыпыншэ абы и адэр!» хужаIэнт.

Нанэхэр щыуэршэркIэ, «Алыхьу ин, мобыхэм я пхъур джаурым дэкIуамэ!» - зым жиIамэ, мыдрейм «ан-на, и адэ-анэм я щхьэр къыфIихакъэ, дауэ хъужыну иджы?!» - жэуапу ирытыжынт.

Мы фхуэсIуэтэжыну хъыбарри нэхъыжь Iумахуэ Щэрмэт Лёнэ мыгъуэм къызжиIэжыгъат:

Бэзэр жыжьэ щыIа щIалэ гупым ящыщ зым хущIэджэрт (хуэпсалъэрт): «Кхъуэл ишхащ, лIэун, емыкIукъэ ар! Ау-уей, апхуэдэ адыгэлI! ЕмыкIукъэ ар?» - жаIэурэ.

Зы тхьэмадэ щIоупщIэ: «Хэтхэ ящыщ, щIалэхэ, а кхъуэл зышхар?». «Уе, мопхуэдэ лъэпкъым ящыщым».

Ар зэхэзыха лIыжьым и щхьэ хужиIэжырт: «Тобэ, тобэ истофрилэхь! Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ. ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ. Зыхэлъ холъэт. Банэ и пIэ банэ къокIэж».

Къуажэм лъэпкъыу дэсми я тхыдэм щыгъуазэт тхьэмадэ гурыхуэр. Ар ящIэрти, елъэIуащ зэгупсысар яхуиIуэтэжыну.

## Хъыбаррэ тхыдэу

«А зэманым адыгэхэр мащIэ дыдэ дыхъуат. ДищIхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъурт. «БогатэкIэ» зэджэм, иджы Зольскэ станицэ хъужам деж, гъунапкъэр къызэпаупщIауэ, къэзакъхэм ди щIыр павыкIыу хъыбар къащыIэщIыхьэм, къуажэпщхэу Ашабэр, Бабыгур, Къуэныр Iуэхур зытетыр зрагъэщIэну шуущу кIуат.

Нэсмэ, шыхэмрэ выхэмрэ пхъэIэщэм щIэщIауэ, еуэ-еIэкIэ адыгэщIым гуоуэгъуищкIэ къихьауэ явэрт. ВакIуэлIхэм якIэлъыплъу, IэщэкIэ зэщIэуззэда шу зытхухрэ зы тешанкIэрэ зэхэтщ. ТешанкIэм зылI исщ, нэгъуджэр Iулъуи, зыгуэрхэр етх.

ФIэхъус нэужьым, щIыр щIавэмкIэ щеупщIым, «Урысеишхуэм и пащтыхьым и унафэщ!» - къыжраIащ ябгъэдыхьахэм.

«Дэ дымыщIэу, дищI педгъэчыркъым. ЗыщIэфкъуи фикI!» - жраIащ кIуахэм.

«Фэ, шэрджэсхэм, фи тхыр Урысейм икъутащ. ДяпэкIэ фхуэтщI фи унафэщ!» - къратыжащ жэуап.

Апхуэдэ псалъэм пэмыплъа зауэлIхэр Iэщэм епхъуэным тIэкIущ иIэжар, ерагъыу заIыгъащ. ТешанкIэм щIыгъу шухэм я фочхэр къагъэпкIакIэт. «Зауэр быублэ щымыхъуным зышыIи, щыхъуным щIэдзэ» жыхуиIэрат Iуэхур зыхуэкIуар.

КъыздэкIуэжым, Ашабэмрэ Бабыгумрэ трагъэчыныхь Хасэшхуэ зэхэшауэ щIы Iуэхум унафэ тещIыхьын зэрыхуейм.

### Къуэн Исмел и лIыгъэ

И гъусэхэм закъримыгъащIэ щхьэкIэ, Къуэным и лъыр къэплъат. Хуегъэнэхыртэкъым мо къэзакъхэм «шэрджэсхэм фи тхыр ткъутащ», зэрыжаIар. Къуэныр щхьэкIуэмышэчт. Армырами, шынагъэр зыхищIэну, Iуууэну фIэфIт. Езыр сабыр, тэмакъкIыхь, Iэдэб щхьэкIэ, зэ губжьамэ, щIэх-фэх теужыртэкъым.

Иужь зыкъригъанэщ, зэIэбэкIщ, пыдыным (шы Iэпслъэпсым щыщщ) еIэщ, пичри, шыныбэпхыр илъэф хъуащ. Ябгъурыхьэжауэ здэкIуэм, и гъусэхэм гу зылъригъэтащ: «Догуэ, догуэ, Исмел, уи шыныбэпхыр елъэф!» щыжаIэм, «Iэу, ар дауэ!?», - имыщIэ зищIащ.

«Пыдыныр пысщIэжынщи, сыныфщIыхьэжынщ, фынакIуэ фэ!» - яжриIащ.

Епсыхри, епэщэщурэ шухэр зэгъуэкI зэрыхъуу, зызэщIикъузэщ, и фокIэщIитIыр иузэдщ, и Iэгъуапэм иригъэлъадэри, и жагъуэ къэзыщIахэм я деж игъэзэжащ.

Шу закъуэр, фочи сэшхуи имыIыгъыу щахуэкIуэм, «шэрджэсыр къыдэлъэIуну къигъэзэжащ» жаIэри, бэлэрыгъахэщ.

«Дызэгурывгъаlуэ!» щажриIэм, пелуаныфэ зытет лIыр къыбгъэдыхьэщ, и шхуэIур иубыдщ, жьэдэуэу еIэри, шыр кIэбдзкIэ игъэтIысащ.

«Iыхьы-хьыI!» фIэкIа жимыIэу, фокIэщIитI Iэгъуапэм илъхэр хьэзырыххэти, зы щхьэхъуми и фоч къигъэпкIэну хунэсатэкъым зэпекъуу я псэр хэкIыу щригъэгъуэлъыкIам.

Шыми лIыми гъуэзыр къащхьэщихыу, вакIуэлIхэм щахэлъадэм, «Ей, адыгэ, Тхьэм щхьэкIэ, думыукI!» - жаIэурэ къыщелъэIум, «фэ сыт фи лажьэ, ер зипэ ихьэн хуейр фи унафэщIхэрщ.

Я ши, я ви, я пхъэIэщи къызэщIригъакъуэри, Ашабэхэ крихулIащ.

Теуэ-тепкIи кърaщIэкIащ, ауэ «шхэ» жаIэкIэ, яхуэшхакъым, «ефэ» жаIэкIи, яхуефакъым. «Къафэ» жаIэмэ, къэфащ, «уэрэд жыIэ» жаIэмэ, ядыжиIащ.

ЛIыгъэ зыхэлъыр губжьамэ, теужыху шхэркъым, сышхарэти жиIэркъым. Жэщищ-махуищкIэ щыхьэщIати, жьэрэ Iэрэ зэхуихьакъым. Къежьэжын хуей щыхъум, «къэпхуар гуэш, унафэ тещIыхь» щыжраIэм, «къэсхуар фыфейщ, кърикIуэр сысейщ!» - ар и унафэу къыдэшэсыкIыжащ.

Исмел къихуа вакIуэлIхэр хуит ящIыжа щхьэкIэ, кIуэжын щамыдэм, щхьэгъусэ ирагъэгъуэтахэщ, адыгэ унэцIэ иратыжри, къуажэм хэшыпсыхьыжауэ, нобэми-ныжэбэми мэбагъуэ.

Мис абыхэм къатехъукIыжащ «кхъуэл ишхащ» хужыфIэу емыкIу фщIы щIалэр. Ей, адыгэбзэкIэ псалъэ псори адыгэ къабзэкъым. Лъэпкърэ къупщхьэрэ щIыжаIэр, лым зихъуэжми, къупщхьэр зэрыкъупщхьэу къанэ зэрихабзэрщ.

Хэку бгынэнымрэ зауэ-банэ кIыхьымрэ мащIэ дищIат. ИкIэм-икIэжым Хасэшхуэ ящIри, унафэ къащтат къапэщIэхуэр, сабийми балигъми, кIэсу къахьри щтапIэ ихьэжауэ къахыхьэхэри къан ящIу, бзэри хабзэри ирагъэщIэну, хэкур бэгъуэжын папщIэ.

АдыгэлI къабзэм и напэр, и щIыхьыр, и хэкур, и пщIэр, и псэр хэкIыху ихъумэнущ. КъызэрыпщIэнур и нэмыскIэщ, Iэдэбыгъэу дэплъагъумкIэщ, псэлъэрейкъым, щхьэщытхъукъым. Аркъэи тутыни ефэркъым. Езыр хахуэщ, ауэ и лIыгъэр еущэху, хуеин мыхъуауи зыкъызэкъуихыркъым. ХабзэщIэкъущ, пхъашэкъым. Ауэ щабэкIи уеджэнкъым.

ЗикI, адыгэ гуэрым емыкIу къихьыху, тхьэмадэхэм зи гугъу ящIа къытхэзэрыхьыжахэм согупсысыжри, си пащIэкIэ сыщIогуфIыкI, сигукIи жызоIэ: «Адыгэбзэ ищIэ щхьэкIэ, адыгэкъым ар».

**БАБЫГУЕЙ Сосрыкъуэ.**

## Мы махуэхэм

### Мэлыжьыхьым и 21, *мэрем*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ щIыпIэ самоуправленэм и махуэр**

♦**1920 гъэм** Налшык цIыхубэ хозяйствэм и щIыналъэ совет къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1921 гъэм** Налшык Лъэпкъ музей къыщызэIуахащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **ЖьакIэмыхъу КIунэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 12 - 13, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 22, *щэбэт*

♦**ЩIы-Анэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1886 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Елбэд Хьэсэн**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **МэкIэтIей Абдулэхь**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщIэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КъБР) и унафэщI **Мысырджэн МуIэед**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 14 - 15, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 23, *тхьэмахуэ*

♦**Тхылъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным теухуа унафэ къищтащ.

♦**1912 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Теунэ Хьэчим**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта, Абхъазым и ЛIыхъужь **Сосналы СултIан**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ республикэм и псыщIэгъэлъадэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Тохъу Мухьэмэд**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 11 - 12, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 24, *блыщхьэ*

♦**ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Къуэш зэрыщIа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1958 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-ми Ингушми щIыхь зиIэ я артисткэ **Даур Иринэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 12 - 13, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

## ● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

### Сом мелуан 62-м щIигъу

**КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и следователхэм и кIэм нагъэсащ, Гагариным и цIэр зезыхьэ уэрамым фэтэр куэду зэхэту щаухуэну унэм хыхьэну хуагъэлъагъуэу, налшыкдэс 52-рэ къэзыгъэпцIэжахэм ятеухуа уголовнэ Iуэхур. ЩIыпIэм щыпсэу илъэс 29 - 40 ныбжьым ит цIыхуиплIым ялэжьа хьэгъэщагъэм и зэранкIэ унагъуэхэм яфIэкIуэдащ сом мелуан 62-м щIигъу.**

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, ухуакIуэ фирмэм и къызэгъэпэщакIуэу къэувар цIыхубзт. Къат куэд хъу унэр щаухуэну щIыпIэр къыхэзыхар абы и щхьэгъусэрат. Я мурадыр зрагъэхъулIэн папщIэ зэщхьэгъусэхэм а Iуэхум къыхашащ я цIыхугъитI - зым псэупIэ езыгъэщIыну хуейхэр къилъыхъуэурэ чэнджэщ яритырт, етIуанэм щэхуакIуэхэм зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылIэрт.

УхуакIуэхэм унэр 2019 гъэм хьэзыру ятын хуеят, арщхьэкIэ, гъэпцIакIуэхэм лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIащ икIи пщэрылъ зыщащIар щахуэмыгъэзащIэм, зи мылъку хэзылъхьахэм зыщагъэпщкIуу хуежьащ. Следователхэм къызэрахутамкIэ, ухуэныгъэр къыщIадзат абыкIэ хуитыныгъэ ямыIэу.

2016 гъэ лъандэрэ екIуэкIа щIэпхъаджагъэ Iуэхур къызэпаудащ КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм. Лей зытехьахэм ирата хэщIыныгъэр ирагъэпшыныжын папщIэ ягъэкъуаншэхэм я мылъку сом мелуани 100-м щIигъу яубыдащ. Ахэр щIыпIэм имыкIыну Iэ щIрагъэдзащ.

Уголовнэ Iуэхур, зэрагъэкъуаншэр щIыгъуу, Налшык къалэ судым Iэрагъэхьащ зэпкърыхауэ хэплъэну.

### ЩIалэм зеумысыж

**Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым. 2022 гъэм и щэкIуэгъуэм щыщIэдзауэ мы гъэм и мэлыжьыхьри хиубыдэу, ар республикэм исакъым. КъэкIуэжри, дыщэхэкI сом мин 60 и унэм зэрыщIэкIуэдыкIар къиухуащ.**

КЪЭЛЪЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым къалэ управленэм и полицэм и къудамэм №2-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къахутащ унагъуэм я цIыхугъэ, нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 24-рэ хъу къалэдэсыр а щIэпхъаджагъэм зэрыхэпщIар. ЩIалэр, унагъуэм щыщхэм я лъэIукIэ къакIуэурэ къащыдэIэпыкъу щыIэт. Шэч зыхуащIым зиумысыжащ икIи жи-Iащ идыгъуар имыцIыхухэм сом мин 13-кIэ зэраращар.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм къэхъуам теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

### Идыгъуар къытрахыж

**2023 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Налшык къалэ УМВД-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 65-рэ зи ныбжь цIыхубзым. ЗэрыжиIамкIэ, и сумкэм сом 13 550-рэ зыдэлъ бохъшэр зыгуэрым ирихат. Абы жиIащ банкоматым деж къыщыдэIэпыкъуну имыцIыху хъыджэбзым зэрызыхуигъэзар.**

ЗЭРЫКIЭЛЪЫПЛЪ камерэм трихахэм еплъыжу, къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым къалэ управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр къыщIагъэщащ. Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубзым, къыдэIэпыкъуну зызыхуигъэза хъыджэбзым зыщIэлъэIуар хуищIэурэ, абы и бохъшэр сумкэм дихри, зигъэбзэхыжат.

Мэлыжьыхьым и 14-м яубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 32-рэ хъу аушыджэрдэсыр. Шэч зыхуащIым зиумысыжащ, идыгъуар къытрахыжащ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Езым хуэдэлI зыубым лIыгъэ хэлъкъым.**




● Шхыныгъуэхэр

### «Шэ хуабэ» хьэнтхъупс

Нартыху зэтеуда щІэгъэпщар псы хуабэпцІкІэ щэ-плІэ ялъэс. ЗэІащІэурэ шыуаным ит псывэм хакІутэ, тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыуанызщхьэр трапІэри, сыхьэтиплІ-сыхьэтитхукІэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, ныкъуэвэфІ хъуху ягъавэ. А зэманым къриубыдэу псыр щІэвэщІэн хуейщ. ИтІанэ шэ хуабэр щІакІэ, шыгъу хадзэри, зэІащІэурэ дакъикъэ 15 - 20-кІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкубгъум трагъэувэ шыуанызщхьэр тепІауэ. ІэнэМ щытрагъэувэкІэ хьэнтхъупсыр зэІащІэ, фалъэ куум иракІэ, тхъу гъэткІуа тракІэжри, хуабэу яшх. Зыри дашхыркъым.

Пасэ зэманым гъунэгъу нысэм сабий игъуэтамэ, хьэблэ цІыхубзхэр зэхыхьэрт ехъуэхъурт. Абы хуахь хабзэт щэкІ метр, хъыршынипщІ, «шэ хуабэ» хьэнхъупс фалъэшхуэ и гъусэу. Пщтыру кърaкІа хьэнтхъупсыр нысащІэм и деж нахьэсыхукІэ, тІэкІу упщІыІурт. Аращ «шэ хуабэкІэ» щІеджэр. НысащІэр абы етІуанэ, ещанэ махуэхэм ирагъафэрт, быдзышэ нэхъыфІу иІэнущ жаІэрти.

***Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):***
нартыху зэтеудауэ - г 200, псыуэ - г 4000, шэ къашагъащІэу - г 2000, тхъууэ - г 200, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### ЩакІуэхэм мэз бжэн зэрагъавэр

Мэз бжэн къаукІам и фэр хуабэ щІыкІэ трах, и кІуэцІри кърахри, зыхуей хуагъазэ. И лыр ямыкъутэу зэпкърах, ятхьэщІ. ИтІанэ ныбапхъэр зэпамыупщІу ятхьэщІ, зэрагъэдзэкІ и пхъэшапІэр и щІыбымкІэ щыІэуи ар къэп хуэдэу мэхъу. Ар фІыуэ ятхьэщІри абы и илъхьэпІэмкІэ шыгъу, къэлэр, губгъуэпхъ гъэкъэбза зыхалъхьа лы зэпкърыхахэр, кІуэцІфэцІхэр иралъхьэ, илъхьэпІэр папхыкІ, бахъэ къикІыпІэу гъуанэ цІыкІу къагъанэри. Лыр ныбапхъэм иралъхьа нэужь, абы и щхьэр фІыуэ пыпхыкІауэ щытын хуейщ, гъуанэ цІыкІунитІэ фІэкІа имыІэу. Гъуанэ къагъэнар иныІуэмэ, бахъэр къикІынурэ лыр мывэу къэнэнкІэ хъунущ, ауэ ямылейуэ папхыкІыщэми ныбапхъэр къэуэнущи, абыхэми хуэсакъыпхъэщ. Ныбапхъэ кудар пхъэ кІыхьым фІаІури, мафІэм щхьэщагъэувэ, дэпым жьэхэмыуэу. Абы къыпих пщтырагъымкІэ вэнущ лыр. Апхуэдэу ягъавэр мэз бжэнымщІэщ. Лы вам дашх мэжаджэ, чыржын, хьэлІамэ, щІакхъуэ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Сократ и псэлъафэхэр

● Фэ фщІэрэ?



***Зыгуэрым Сократ зыхуигъэзат щхьэгъусэ къишэн-къимышэным теухуауэ ечэнджэщыну. Сократ жиІащ:***
- Узыхуей дыдэр щІэ, тІум щыгъуэми ущІегъуэжынущ.

* * *

Сократ жиІэу щытащ езыр псэун щхьэкІэ шхэуэ, адрейхэр щІэпсэур шхэн щхьэкІэу.

* * *

Сократ и хьэкум ящІэну щыщІашэм, и зы ныбжьэгъу къеупщІащ: «Мы Іуэхум уи щхьэр къыхэпхын папщІэ жыпІэнухэр бгъэхьэзыра?».
Сократ жиІащ: «Си гъащІэ псор зытеухуауэ щытар аракъэ?».

* * *

Сократ Тхьэм зыщыхуигъазэм и деж фІы къыхуищІэну елъэІурти, зэфІигъэкІырт: а фІым хьыэ) хэр Тхьэм нэхъыфІу ещІэ, жыхуиІэу.

* * *

Философыр фІыуэ зылъагъу, псэ хьэлэлкІэ бгъэдэт и ныбжьэгъу Аполлодор Сократ жриІащ: «Хуабжьу гуауэ сщохъу къыумылэжьауэ щхьэпылъэ уащІыну унафэ къызэращтар».
Сократ абы и щхьэфэм Іэ дилъэри: «КъэзлэжьауэщхьэпылъэсащІу щытамэ, нэхъ тыншу бгъэвынут?» - жиІащ.

* * *

Хуэкъулейсызу псэу Сократ бэзэрым кІуэцІрыкІырт: «Сыту хьэпшып куэдыщэ щыІэ, ахэр уимыІэми упсэуфыну!».

* * *

«ФІыуэ сщІэр – зыри зэрызмыщІэрщ!» - жиІащ Сократ.
Сократ (ди эрэм и пэкІэ 469 - 399 гъ.гъ.) Афинхэм щыщ алыдж философ цІэрыІуэщ. Абы и цІэр зыгъэІуар философиeм щІэуэ хилъхьарщ – дунеймрэ щІыуэпсымрэ джыным къыпыкІри, цІыхум и хьэлщэным и щІыІэкІэ-псэукІэмрэ зэгъэщІэныМ иужь ихьащ.
Сократ и адэ Софроникс скульпторт, и анэ Фенарет фызгъалъхуэт. И анэ къилъхуауэ зы къуэш иІащ философым – Патрокл.
Сократ Афинхэм я жылагъуэ Іуэхухэмкlэ жыджэру щытащ, ар хэтащ Пелопоннесс зауэми. Афин политик, дзэзешэ хахуэ Алкивиадэ и егъэджакІуэу, и ныбжьэгъу нэхъыжьу щытащ ар. Сократ и гупсысэхэр, и псэлъафэхэр ди деж къэзыхьэсар и гъэсэнхэу Платонрэ Ксенофонтрэ я лэжьыгъэхэрщ, мащІэ дыдэу къыхощ Платон и гъэсэн Аристотель и ІэдакъэщІэкІхэми.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**


Ажэгъуэмэр мэгъагъэ.

● Тхыдэм щыщщ

# Псатхьэ

**«Псэ», «тхьэ» псалъэу зэхэтщ. ЦІыхум псэ хэту къазэрыщыхъум къигъэщІащ Псатхьэр. ЦІыхур лІа нэужьи, абы и псэр мыкІуэду щыІэу къалъытэ. А Іуэху еплъыкІэр къыщежьар хуабжьу лъэхъэнэ жыжьэщ, динхэр щыщымыІэм. Абы щыгъуэм цІыхум и пкъымрэ и псэмрэ зыуэ къафІэщІырт; псэр пкъым хэкІыу къафІэщІ щыхъуар зэщхьэщыкІыныгъэхэр къежьа нэужьу хуэзыгъэфащэ щыІэщ (Донини А.).**

ПАСЭРЕЙ адыгэ къэралыгъуэу Синдикэм (ди эрэм ипэкІэ V - IV лІэщІыгъуэм) и кхъэсейхэр къыщатІэщІым къыщІахащ шы къупщхьэхэр, хьэпшып, Іэщэ сытхэр. Ахэр лІам дыщІалъхьэрт, хьэдрыхэ гъащІэ щыІэу, лІам и псэр а хьэпшыпхэм хуэныкъуэну къафІэщІу.

Апхуэдэр зи хабзэу щыта лъэпкъ Іэджи щыІэщ. Пасэрей адыгэм къызэрыфІэщІымкІэ, псэр зэрылъыр - псэфылъэр - пщэ кумб цІыкІуращ (ур. яремная ямка).

ЦІыхум псэ хэзылъхьэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ гъащІэ къезытыр Псатхьэщ, цІыху лІам и псэр зэкІуэлІэжри аращ. ІуэрыІуатэм къызэрыхэщымкІэ, Псатхьэ и къалэныр абы къыщынэркъым. Абы егъэІурыщІэ борэныр, жьапщэр, хы къэукъубеяр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ар, Тхьэм, Тхьэшхуэм ещхьу, хуэхамэкъым дунейм и къэхъукъащІэ гуэрхэр зэгъэзэхуэныМ. Угугъэ хъунущ, цІыхур къэзыгъэщІ, абы псэ хэзылъхьэ Псатхьэ дунейр къигъэщІынри зыкъомкІэ и къалэну щытауэ.

НэгъуэщІ къалэнхэри Псатхьэ иІауэ хубогъэфащэ. Апхуэдэ гупсысэ уигу къегъэкІ мыбы. Псатхьэ и ІуэхукІэ нэхъыжьхэм мыр жаІэ: «Псатхьэр умыгъабгэ, умыгъэшхыдэ, армыхъумэ псатхьэ уз къоуэлІэнщ». Псалъэм папщІэ, пщыжьыр, гуащэр, быныр арэзы зымыщІ нысэм ар жраІэ: «Псатхьэр пщыпхъущ, пщыжьым и шыпхъущ, лІым и шыпхъущ». Мыбы уигу къегъэкІ Псатхьэм и къалэнхэм жьэгур, унагъуэр хъумэнри хэтауэ. И мыхьэнэр нэсу зэІубзу щымытми, унэ жьэгум (бгыкъум, пхъэвым) Псатхьэ и цІэр зэрепхар къыхощ мы псалъэжьми: «Псатхьэр къехмэ, бгыкъум зегъэш». Авункулат хабзэхэм (пхъурылъхумрэ анэшымрэ зэрыгъэлъэпІэныМ) я щІэинщ «Пхъурылъхур къихьэмэ, Псатхьэ магъ» жыхуиІэ псалъэжьри.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Делэм и гъуэмылэр ... **4**. ЗэуапІэ губгъуэм щытекІуахэм къаІэщІыхьа мылъкум зэреджэр. **7**. Зи купсэр пшхы хъу удз сыр. **8**. Жэзыр, гъуаплъэр гъуанэ хъуамэ, зэрагъэбыдэж гъущІхэкІ щабэ. **9**. Пхъэм къыхэщІыкІа бжэмышхышхуэ. **10**. Зи пхъафэр щхъуантІэ-хужьыфэ, мафІэдз, тхылъымпІэ къызыхащІыкІ жыг. **13**. Языныкъуэ удзыжьхэм ... быдэ яІэщ. **14**. Зи къудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг лъэдий гъум.

***Къехыу:*** **1**. ... хым (тенджызым) и Іуфэ адыгэ лъэпкъ зыбжанэ щопсэу. **2**. Дунейм ехыжам и цІэкІэ тхьэмыщкІэхэм ират ахъшэ е ерыскъы Іыхьэ. **3**. Зи кІэмрэ зи сокумрэ фІыцІэ шы. **5**. МыІупщІ, мыбелджылы. **6**. Адыгэ футболист, Тбилиси къалэм и «Динамо» командэм хэту СССР-м и чемпион хъуа ... Александр. **11**. ЦІыху хахуэ. Е цІыху пхъашэ. **12**. ... и пІэ ... къокІэж.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэлыжьыхьым и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***
***Къехыу:*** **1**. Дудакъ; **2**. Хуарэ; **3**. Ерэн; **4**. ЦІыргъуш; **7**. Вагъуэбаш; **11**. Къэзэр; **12**. Къадзыху; **14**. Щхьэгу; **15**. Къулаш.
***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Мурад; **6**. Хъуржын; **8**. Лъахэ; **9**. Нэгъуд; **10**. ГуащэІупэ; **13**. Дзэпщ; **15**. Къунан; **16**. Къэлэр; **17**. Бабыщ.

# Дэрбзэр ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ

**«Стильный акцент» фIэщыгъэм щIэту КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым иджыблагъэ щекIуэкIащ дэрбзэр ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ.**



● ЩIалэгъуэ

ПIАЛЪЭ кIыхькIэ ирамыгъэкIуэкIыу къызэтрагъэувыIа зэпеуэр гъэ кIуам жэпуэгъуэ мазэм ирагъэжьэжауэ аращ.

Абы къыхыхьахэр тIууэ ягуэшащ. Дэрбзэр IэщIагъэ зиIэхэмрэ студентхэмрэ зы гупт, курыт еджапIэхэм и класс нэхъыжьхэм щIэсхэр, художественнэ школхэм щеджэхэр, творческэ гупжьейхэм зыщызыгъасэхэр нэгъуэщIт.

Зэпеуэм и кIэух Iыхьэм утыкур хуит хуащIащ дизайнер цIэрыIуэ Сэралъп Мадинэ и IэдакъэщIэкI фэилъхьэгъуэхэм.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ колледжым и унафэщI **Къанло Алим** къыщыпсалъэм жиIащ мы гъэм зэпеуэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьар.

- Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм куэдым ухуагъасэ. Ахэр дахэ, гукъинэж хъуныр хъарзынэщ, ауэ дэ егъэджэныгъэ Iуэхум гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIыну дыхущIэкъуащ. Абы къыхэкIыу, бостейхэр зырызу утыкум щыдмыгъэлъагъуэу, зэпеуэм хэт дэтхэнэми и лэжьыгъэхэр гупсэхуу зэпкърытхыну мурад тщIащ, - жиIащ абы.

Апхуэдэу зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ езы дизайнерхэм я лэжьыгъэхэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэми. Нэхъ ипэкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм цIыху 60-м щIигъу къыхыхьэу щытамэ, иджырейм абы и бжыгъэр 30-м хуэкIуащ. Ауэ щыхъукIи, иджырей зэпеуэм ахэр нэхъ егугъуат. КъэпщытакIуэ гупым нэхъыфIу цIыхуипщI къыхагъэщхьэхукIащ абыхэм.

- Зэпеуэм хэтхэм я нэхъыбэм къуэкIыпIэ-азиат мультфильмхэр тегъэщIапIэ ящIащ, - жеIэ Сэралъп Мадинэ. - Ар дызэмыжьа Iуэхугъуэт. ЯпэщIыкIэ дэ тфIэгъэщIэгъуэн хъуат щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр зэрызэпэджэжыр. ИужькIэ къыдгурыIуащ ар щIалэгъуалэм я модэщIэу зэрыщытыр.

Зэпеуэм и «Этно-кэжуал» лIэужьыгъуэм лъэпкъхэм я фэилъхьэгъуэхэр иджырей щIыкIэм тету махуэ къэс зепхьэ хъуну щIащ. «Сцена» лIэужьыгъуэм къыщагъэлъагъуэ спектаклхэм, утыкухэм узэритыну фэилъхьэгъуэхэр. «Фэшн» жаIэу къыхагъэщхьэхукIам иджырей зэманым къезэгъ щыгъынхэр утыку къыщрахьащ.

Дизайнер нэхъыжьхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр «Псэр игъэхуабэу» коллекцэмкIэ къихьащ Мейкъуапэ дэт къэрал технологическэ университетым и студент Горковенкэ Аннэ (и унафэщIыр КIэдыкъуей Нэфсэтщ).

ЕтIуанэ увыпIэр зэхуагуэшащ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым и студентхэу Ушар Ялийрэ (унафэщIыр Царионовэ Риммэщ), Чаусскэ Маргаритэрэ (унафэщIыр Хаджиевэ Залинэщ).

Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ «Мазэнэху» коллекцэр зыщIа пщащэхэу Тхьэщыгъуей Азидэрэ Кумыщ Алинэрэ (я унафэщIхэр - Мырзэкъан Радимэрэ Къэбардэ Iэминатрэщ). КъищынэмыщIауэ, ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Уянаевэ Сакинат (унафэщIыр Куликовэ Аннэщ).

НэхъыщIэхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щыхуагъэфэщащ дизайнымкIэ колледжым и студентхэу Пащты Сабинэрэ, Гейляровэ Софьерэ (я унафэщIыр Блий Алинэщ).

ЕтIуанэ хъуащ дизайнымкIэ колледжым и студент Темыркъан Анастасие (унафэщIыр Блий Алинэщ). Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ дизайнымкIэ колледжым и студентхэу Вэрокъуэ ФатIимэрэ (унафэщIыр Къэшэж Елизаветэщ) Былымгъуэт Алинэрэ (унафэщIыр Къэшэж Елизаветэщ).

КъэпщытакIуэ гупым я унафэкIэ саугъэт хэха иратащ Прохладнэ къалэм дэт «Nikastyle» сабий гъуазджэхэмкIэ школым (унафэщIыр Махотэ Вероникэщ).

Зэпеуэм пашэ щыхъуа псоми щIыхь тхылърэ фэеплъ саугъэтхэмрэ иратащ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ**.



# «Черкес»-р къофэ

**БжьыхьэлI Замир зи гъэсакIуэ «Черкес» къэфакIуэ гупыр иджыблагъэ хэтащ НТВ-мкIэ екIуэкI «Страна талантов» телепроектым. «Черкес»-р кавказ къафэхэмкIэ Урысейм и чемпионщ. Ди ныбжьыщIэхэм я жыджэрагъым, утыку итыкIэм итхьэкъуащ къэпщытакIуэхэр, телевизореплъхэр. КъэфакIуэхэм зыкъызэрагъэлъэгъуар интернетым иралъхьа нэужьи, абы еплъахэм псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъу дахэхэмкIэ куэдым зыкъыхуагъэзащ. КъэпщытакIуэхэм къыхагъэщащ къафэр бгъэзэщIэну зэрыгугъур, ауэ ныбжьыщIэхэм ар уардэрэ уатхьэкъуу къазэрехъулIар.**

- КАВКАЗЫМ и цIыхухэм лъэпкъ къафэр я лъым хэтщ. Къэфэн щIадзамэ, къызэрыбгъэувыIэни щыIэкъым. АтIэ ар фIыкъэ?! – жиIащ Урысейм и цIыхубэ артисткэ Бабкинэ Надеждэ.

«Поедем поедим» нэтыныр езыгъэкIуэкI итальян пщафIэ, гитарист Арнальди Федерико жиIащ нэтын трихыу Кавказым щыщыIам зыпэрыса Iэнэр игу къызэрагъэкIыжар:

- Фи шыгъупIастэ IэфIым фи Iэнэхэр къызэрикъутэм хуэдэщ мы фи къафэкIэмкIэ иджыпсту утыкур зэрывгъэбжьыфIар. Дыкъыщылъэту щхьэ дыкъэмыфэрэ, жытIэу дыкъытриIэтыкIырт дэри!

- ИгъащIэм сымылъэгъуа слъэгъуащ, игъащIэм зыхэзмыщIаи зыхэсщIащ нобэ! Сэ си гугъат къафэм теухуауэ згъэщIэгъуэжын щымыIэу. Ауэ! Макъамэр щызэхэсхым, фи нэхэм хъуаскIэ къыщIэлъэлъу, IэпкълъэпкъкIэ фыпсалъэу фыкъыщилъадэм, сэ псалъэ сиIэжакъым! - жиIащ уэрэджыIакIуэ Сумишевский Ярослав.

Урысейм щIыхь зиIэ и артист Дружинин Егор игу ирихьащ къэфакIуэ цIыкIухэм «асса»-р къызэрапсэлъыр, ар я гум къызэриIукIым хилъэгъуащ телъыджэ.

- ЦIыкIухэм къафэщIэ щезгъащIэкIэ, щIэщыгъуэ зэрысщIыным иужь ситщ. Сюжет гуэр хызолъхьэ, театр хуэдэу сощI. Сабийхэр къафэбзэкIэ зэпсэлъэн-зэрыщIэнымкIэ ар IэмалыфIщ. ЗэрызгъэунэхуамкIи, апхуэдэм деж къафэм и мыхьэнэр нэхъ зыхащIэ. ЗыхащIа нэужь, цIыхугум нэмысынкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ согугъу къэфакIуэхэр утыкум къихьа нэужь ахэр фIыуэ ялъэгъуным, еплъхэм я нэгум къыщIэнэным. Адыгэм ди хьэлым хэтщ мыри: «ТекIуэныгъэракъым нэхъыщхьэр, атIэ Iуэхум дызэрыхэтырщ» жыIэкIэм арэзы дыкъищIыркъым, - жиIащ БжьыхьэлI Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакIуэхэр финалым нэсащ!

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым и 25-рщ.*

● Каратэ

# Орёл къалэр яхуэфIащ

**Орёл къалэм каратэм и лIэужьыгъуищкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 14-м щыщIэдзауэ 20-м нэсхэм Урысейм пашэныгъэ къыщыхьыным теухуауэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIауэ абы щыIащ спортсмен 33-рэ. И хьэлъагъ теухуауэ зыхэта гупым япэ увыпIэр къыщахьащ Бетрожь Дамир (килограмм 65-рэ), Жамбей Астемыр (килограмм 80), Новиков Дмитрий (килограмм 55-рэ), Мэрзей Данял (килограмм 50), Темукуев Ахъмэт (килограмм 75-рэ), Бахъсэн Темырлан (килограмм 70), Федоренкэ Владислав (килограмм 65-рэ), Лазаренкэ Ангелинэ (килограмм 68-рэ).

ЕтIуанэ увыпIэр къахьащ Мамаев Рэмэзан (килограмм 55-рэ), Звоновэ Софие (килограмм 55-рэ), Къэзан Алим (килограмм 65-рэ), Байрамуков Рашид (килограмм 60).

Ещанэ увыпIэр - Бабыгуей Елдар (килограмм 80), Асановэ Беллэ (килограмм 60), Переясловэ Валерие (килограмм 72-рэ), Тхьэгъэпсэу Дамир (килограмм 51-рэ).




# Дыдейхэр хуэмыхуакъым

● Атлетикэ псынщIэ



**Илъэс 17 нэхърэ мынэхъыжьхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я урысейпсо кадет зэхьэзэхуэ Смоленск къалэ щекIуэкIащ. Ахэр щхьэхуэщхьэхуэу лIэужьыгъуитIкIэ, щыкIэ, плIыкIэ зэпеуахэщ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 17-м къикIауэ спортсмен 300-м щIигъу.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Смоленск ныбжьыщIэ 15 щыIащ. Зыхэта гупым, лIэужьыгъуищкIэ зэпеуахэм, ещанэ щыхъуащ Кубаев Сабир. Иджы ар Урысейм и командэ нэхъыщхьэм хэту кIуэнущ мэкъуауэгъуэ мазэм къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я гупхэм я зэхьэзэхуэ Белоруссием щекIуэкIынум.

Мы спорт лIэужьыгъуэмкIэ Бахъсэнёнкэ къуажэм зэхьэзэхуэ щызэхэтащ «Спортыр наркотикхэм я бийщ» къыхуеджэныгъэм щIэту. Ар фэеплъ хуащIащ Джатокъуэхэ Амир, Виталий, Марат, МамыкIэ Тимур сымэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и еджапIэхэм я гъэсэнхэу ныбжьыщIэ 60-м щIигъу.

Зыхэта зэхьэзэхуэ лIэужьыгъуэхэм тещIыхьауэ япэ увыпIэр къахьащ Науруз Хьэзрэт, Шакъ Залинэ, Реут Глеб, Евко Алисэ, Къущхьэкъан Каринэ, Уэзрокъуэ Роман, Неустроев Тимур сымэ.

ЕтIуанэ увыпIэр къалъысащ Хамэ Iэдэм, Неустроев Тимур, Таптунов Богдан, Зикевский Максим, Цилюрик Ангелинэ, Камиловэ Джамиля сымэ. Ещанэр - Ляшко Никитэ, Ульбашевэ Миленэ, Лиманский Руслан, ГъукIапщэ Казимир, Чернов Илларион, Соковых Мирослав, ЦIагъуэ Саидэ.

**ШАФИЙ Аслъэн**.

# Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.
Япэ гуп. ТIощIрэ етхуанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Форте» (Таганрог)
Налшык. «Спартак» стадион.
Мэлыжьыхьым и 22. Сыхьэт 15-м.




Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.679
Заказыр №839

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А